O`zbekstan xalıq bilimlendiriw wa`zirligi
A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı

Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası

Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti 4-b topar pitkeriwshisi
İl`yasova İl`viranın`

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**Teması**: K.RAXMANOV PROZASININ` O`ZGESHELIGI

**İlimiy basshı**: Ken`esbayAllambergenov,filologiya ilimlerinin` doktorı, professor, QR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı.

No`kis - 2012

Jaqlawg`a ruxsat etildi:

Fakul`tet dekanı: dots. D.Paxratdinov

Kafedra baslıg`ı: dots. B.Da`wletov

İlimiy basshı: prof. K.Allambergenov

Qaraqalapaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti 4-b topar pitkeriwshisi İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı boyınsha

# MA`MLEKETİLİK ATTESTATsİYa KOMİSSİYaSININ` QARARI

İl`yasova İl`viranın` joqarıda atı atalg`an temadag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına «____» bahası qoyılsın.

MAK baslıg`ı: ________________________________________

MAK ag`zaları:________________________________________

No`kis - 2012

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV-b kurs talabası İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısının`

ANNOTATSİYASI

Bizin` pitkeriw qa`neigelik jumısımız qaraqalpaq a`debiyat tanıw iliminin` og`ada bir a`hmiyetli ma`selesine bag`ıshlang`an. Onda K.Raxmanov prozasındag`ı ko`rkemlik izlenisler ma`selesi baslı dıqqatta turadı.

K.Raxmanov prozasındag`ı bul ma`sele bizin` a`debiyatshı ilimpazlarımız ha`m a`debiyat sınshıları ta`repinen ma`lim da`rejede izertleniw taptı. Atap aytsaq, son`g`ı jıllardag`ı proza izertlewshileri ha`m metodist alımlar bolg`an K.Allambergenov, P.Nurjanov usag`an ilimpazlar K.Raxmanovtın` povest`, romanları haqqında, ondag`ı ko`rkemlik izlenisler ma`selesi boyınsha ayırım pikirler bildirip ketti.

Biraq, bul pikirler arnawlı izertlewler emes edi. K.Raxmanov do`retiwshiliginin` anaw yaki mınaw ma`selesine baylansılı aytılg`an jekke-jarım pikirler boldı. Sonlıqtan pitkeriwshi İl`yasova İl`vira pitkeriw-qa`nigelik jumısında bul ma`selege arnawlı tu`rde toqtap o`tken.

Jumıs Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`lken eki baptan ibarat:

Jumıstın` «Ken`esbay Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: jazıwshılıq jolı evolyutsiyası» dep atalatug`ın birinshi babında K.Raxmanovtın` ko`rkem prozag`a kirip keliwinde onın` o`mir biografiyasının`, poeziyalıq-dramalıq shıg`armalarının` tutqan ornı ma`seleleri qarastırıladı.

Ekinshi bap «Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq ko`rkemlik o`zgeshelikleri» dep atalınıp, onda K.Raxmanovtın` povest`, romanları ken` tu`rde ilimiy tallawg`a alınalı ha`m tiyisli juwmaqlar jasalınadı.

Pitkeriwshi: İ.İl`yasova

İlimiy basshı: prof. K.Allambergenov

JOBASI:

I. Kirisiw

II. Birinshi bap

Ken`esbay Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: jazıwshılıq jolı evolyutsiyası

III. Ekinshi bap

Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq ko`rkemlik o`zgeshelikleri

IV. Juwmaq

V. Paydalanılg`an a`debiyatlar

## Kirisiw

Prezidentimiz İ.A.Karimov o`zinin` ma`na`wiyatqa baylanıslı miynetlerinin` birinde: «jazıwshılıqtın` a`piwayı ka`sip emes ekenligin, onın` quday bergen talant, peshanag`a jazılg`an ta`g`dir ekenligin ayta kelip, ko`rkem so`zdin` ıssılıg`ı joqarı, jalınlı ju`rekten shıqqan otlı so`zler bolıwı kerekligin belgilep bergen edi.[1]

Mine, usınday quday bergen talantlardın` biri – Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Ken`esbay Raxmanov a`debiyatqa en` da`slep shayır sıpatında kirip kelgen ha`m jurtshılıqqa ken`nen tanılg`an talalantlı so`z sheberi. Onın` qosıq jazıwg`a uqıplılılg`ı ele mektepte oqıp ju`rgen oqıwshı jıllarında-aq baslanadı. 1958-jılı «Jetkinshek» gazetasında ja`riyalang`an «Tawıq» degen qosıg`ı ha` degennen-aq ko`pshiliktin` na`zerine ilindi.

K.Raxmanov muxabbat, tuwılg`an jer, watan haqqında teren` oy tolg`anıslarına iye ko`p g`ana lirikalıq qosıqlardın` avtorı bolıw menen birge «Bult ha`m quyash», «Jambas qala», Sen haqqında qosıq», «Ba`ha`r ha`m g`arrılar», «Tan` ashıg`ı», «Qardag`ı iz», «Sho`l da`stanı», «Jasasın paraxatshılıq», «Tazadan kelgen oqıwshı» sıyaqlı poemalar da do`retti.

Milliy poeziyamızdı qunt penen u`yrenip, onın` bay da`stu`rlerine sadıq bolıp qalg`an ha`m basqa da xalıqlardın` poeziyasınan jetkilikli suwsınlang`an K.Raxmanovtın` muxallesleri de qaraqalpaq poeziyasına jıllı lep bolıp kirdi.

K.Raxmanov do`retken to`rtlikler, altılıqlar, segizlikler, onlıqlar joqarı ko`rkemligi, ma`nisinin` teren`ligi menen ajıralıp turadı. Bul formalardın` barlıg`ında da o`mir filosofiyası ma`nili jır etiledi, jaqsı menen jaman tu`siniklerin salıstırıw arqalı o`mir qubılısları ha`r qırınan ayqın ashılıp turadı. Onın` qosıqları ju`rekke jag`ımlı, kewilge la`zzet bag`ıshlaytug`ın bolg`anlıqtan kompozitorlarımız bul shıg`armalar tiykarında ko`plegen namalar do`retken. Bul nama qosıqları ataqlı qosıqshılarmız atqarıwında ha`r ku`n sayın respublikamız boylap jan`lap estiledi.

K.Raxmanovtın` so`z sheberi sıpatında talantının` ja`ne bir qırı – ol belgili dramturg ta bolıp tabıladı. Onın` «Kelin», «O du`n`yag`a mira`t», «Eglengen ba`ha`r», «Tog`ız ton`qıldaq, bir shen`kildek», «Jaralı ju`rekler», «Laqqılar emlewxanada», «Injıqtın` muxabbatı» sıyaqlı bir qatar p`esaları Berdaq atındag`ı ma`mleketlik muzıkalı teatrdın`, S.Xojaniyazov atındag`ı jas tamashago`yler teatırının`, respublikamız rayonlarındag`ı xalıq teatrlarının` saxnalarında qoyılıp kiyatır. K.Raxmanovqa 1978-jılı «Kelin», «O du`n`yag`a mirat» dramalıq shıg`armaları ushın Qaraqalpaqstan Respublikasının` Berdaq atındag`ı sıylıg`ı berildi.

K.Raxmanov shayır, dramaturg sıpatında tez abıray-dan`qqa eriskenindey, ol proza tarawında da tabıslı qa`lem sınawlar jasadı. Onın` bul umtılısları tek g`ana qa`lem sınawlar bolıp qalmastan, haqıyqıy prozaik bolıw mu`mkinshiligin de da`liylledi. Na`tiyjede onın` qa`leminen qaraqalpaq prozasına salmaqlı u`les bolıp qosılg`an «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı», «O`mir ha`m o`lim» sıyaqlı lirikalıq povest`ler menen bir qatarda «Aqıbet», «Tun`g`ısh muxabbat», «Saqal» atlı dramatizmge tolı ko`rkemlik jaqtan qunlı romanlar do`redi.

Biraq biz «Ken`esbay Raxmanovtın` prozasının` o`zgesheligi» dep atalatug`ın bul pitkeriw-qa`nigelik jumısımızda onın` do`retiwshiligin tutası menen alıp qaraw niyetinen awlaqpız. Arnawlı tu`rde bir ma`selege – ol da bolsa K.Raxmanovtın` prozasının` o`zgesheligi ma`selesine toqtap o`tpekshimiz.

Sebebi K.Raxmanov prozag`a 70-jıllardın` ekinshi yarımında kirip keliwine baylanıslı onın` prozası jetkilikli da`rejede izertlew tappadı. 70-jıllardın` aqırında «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı» povest`leri haqqında a`debiyatshı K.Allambergenovtın` sol da`wirdegi povest`lerdegi muxabbat temasının` sa`wleleniwine baylanıslı sın pikirleri[2] menen XIX a`sirdin` aqırı XX a`sirdin` basında jarıq ko`rgen sabaqlıqlardag`ı K.Raxmanovtın` a`debiy portretlerinde obzorlıq sholıw pikirleri[3] boldı.

---

[1] Karimov İ. Adabiyotga e`tibor – ma`naviyatga, kelajakga e`tibor.-Toshkent, 2009.
[2] Allambergenov K. Ha`zirgi povest`lerde muhabbat temasının` sa`wleleniwi. // «A`miwda`r`ya», 1979, №11.
[3] Allambergenov K. K.Raxmanovtın` o`miri ha`m do`retiwshiligi.-XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı. Bakalavr jo`nelisi talabaları ushın sabaqlıq.-No`kis: Qaraqalpaqstan, 2011 ha`m t.b.

Ulıwma, bul pitkeriw qa`nigelik jumısı, K.Raxmanov prozası boyınsha da`slepki arnawlı izertlew jumısı bolatug`ının so`zsiz. Sonlıqtan da biz bul pitkeriw-qa`nigelik jumısımızda to`mendegidey wazıypalardı sheshiwdi maqset etip qoydıq:

-temanın` aktuallıg`ın, a`hmiyetin, izertleniw da`rejesin ashıp ko`rsetiw;

-K.Raxmanovtın` «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı», «O`mir ha`m o`lim» povestlerinin` ideyalıq-tematikalıq bag`darların ashıp ko`rsetiw, ondag`ı qaharmanlar obrazlarına, xarakterlerine ken` sıpatlama beriw, syujetlik, janrlıq o`zgesheligin ko`rsetiw, usılar arqalı K.Raxmanov povest`lerinin` qaraqalpaq prozasında tutqan ornın belgilew;

- K.Raxmanovtın` «Aqıbet», «Tun`g`ısh muxabbat» romanlarının` mdeyalıq-ko`rkemlik o`zgesheliklerine ken` talqı islew arqalı K.Raxmanovtın` epikalıq, qamtımı ken`, liriko-psixologiyalıq bag`darı ku`shli romanshı ekenligin da`liyllew. Solay etip, bul romanlardın` qaraqalpaq romanshılıg`ına qosılg`an u`lken u`les ekenligin belgilep beriw.

K.Raxmanov prozası boyınsha usı ma`melelerdi ashıp beriw arqalı biz onın` do`retiwshiligin ha`r ta`repleme ashıp beriwge az da bolsa u`lesimizdi qostıq dep oylaymız.

# I. Birinshi bap

## Ken`esbay Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: jazıwshılıq jolı evolyutsiyası

XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatının` iri wa`kili, shayır, jazıwshı, dramturg ha`m jurnalist Berdaq atındag`ı respublikalıq sıylıqtın` laureatı, Qaraqalpaqstan xalıq shayırı K.Raxmanov 1942-jılı Kegeyli rayonında tuwıladı. Miynet jolın mektepti pitkergennen keyin sovxozda jumıs islew menen baslaydı. 1961-jılı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutına oqıwg`a kiredi, biraq a`skerlikke shaqırılg`anlıg`ı sebepli, oqıw u`ziliske tu`sedi. 1969-jılı qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetin pitkerip shıg`adı. Bunnan keyin K.Raxmanov qaraqalpaq radio estittiriw ha`m teleko`rsetiw kompaniyasında da`slep redaktor, u`lken redaktor, bas redaktor lawazımlarında isledi.

K.Raxmanov «Sag`an asıg`aman» (1970), «O`mir tolg`anısları» (1974), «Tan` ashıg`ı» (1978), «O`mir sen ullısan`» (1981), «Watan muxabbatı menen» (1984), «Watan tuyg`ısı» (2002) qosıqlar toplamı baspadan shıqtı. Ken`esbay Raxmanovtın` «Kelin» (1976), «O du`n`yag`a mirat» (1976), «Jaralı ju`rekler» (1977), «Eglengen ba`ha`r» (1978), «Laqqılar emlewxanada» (1979), «Mamamnın` jetinshi bayı» (1989) h.t.b p`esaları Berdaq atındag`ı ma`mleketlik muzıka teatrının`, S.Xojaniyazov atındag`ı jas tamashago`yler teatrının` saxnalarında ko`p jıllardan berli qoyılıp kiyatır. Ken`esbay Raxmanov ko`plegen stsenariy, intermediyalardın` avtorı.

1972-jıldan Jazıwshılar awqamının` ag`zası bolg`an K.Raxmanov o`z xalqına ko`rkemligi joqarı, teren` ma`nili, qunlı shıg`armalar sawg`a etiw ushın tınımsız miynet etiwde.

Onın` a`debiyat maydanına atqan da`slepki qa`demi sa`tli boldı, poeziya shaydaları onı shayır sıpatında u`lken u`mit penen ku`tip aldı. O`ytkeni da`slepki «Tawıq» qosıg`ının` ko`lemi kishi bolg`anı menen ma`nisi teren`, mazmunı, ko`rkemligi joqarı.

Sho`jen`di ertip shubırtıp,
G`urqıldaysan` sen tawıq,
O`zin` jemey sho`jen`e-
Beresen`, alsan` da`n tawıp,
Bizler sag`an qoyıppız,
Ana degen at tag`ıp…

Shayır qosıqlarının` teması ha`r qıylı. Ba`rinin` bas bag`darı-tuwılg`an jer, Watan, ata-ana, xalıqlar doslıg`ı, o`z zamanlasları, balalıq, jaslıq, zaman ag`ımı, a`dep-ikramlılıq, hadallıq, ma`rtlik, muhabbat, o`kinishler menen a`rmanlar, aldag`ı tilekler, niyetler haqqında jırlawdan iba`rat.

K.Raxmanov ba`rinen de beter lirik shayır. Ko`pshilik qosıqlarında lirizm ku`shli. Shayır tuwılg`an jer tolg`anısların bılayınsha jırlaydı:

Ko`pten berli sag`ındım men sapardı,
Jolg`a shıqtım, o`zlerin`iz qollan`ız,
Sheksiz dala esletedi atamdı,
Bar onda da tawsılmastay tolg`anıs.

Sen degende ag`ılmasın jır qaydan,
Tuwılg`an jer-terbetilgen besigim,
Samalların` kewlin`nen bult aydar,
Ha`r soqpag`ın` ıg`balıma esigim.

Shayır bar ıqlası menen so`z marjanların dize otırıp, du`n`yadag`ı en` hasıl insan-Ana tulg`asın, kelbetin jasap, onı izzet-hu`rmetke bo`lewge, onın` qa`dir-qa`wmetine jete biliwge barlıq adamlardı shaqıradı.

Anasız du`n`yanın` janı bolar ma,
Adamzattın` jaqtı tan`ı bolar ma,
Anasız ko`rinbes jarqın keleshek,
Anasız o`mirdin` bag`ı bolar ma?

Ana menen orınlanar a`rmanım,
Ana menen go`zzallanar da`wranım,
Ana menen baxıt bag`ı qulpırıp,
Aydın nurlar shashıp atır tan`larım.

Shayırdın` doslıq haqqındag`ı tolg`anısları da adamlardın` ju`regine sa`ykes kelip, ko`pshiliktin` diydisinen shıg`adı:

Doslıq.
Seni quyash dewge shontıqlıq eter,
Senin` qu`diretin`e shaq kelmes hesh zat,
Bir minut jog`alsan`, jer tayıp keter,
Bir minut jog`alsan`, qalmas Adamzat

Doslıq. Sen ma`n`gi bol,
Sen ma`n`gi bol qasımda,
Sen bolsan` o`mirdin` zawqı qanshama,
Sen bolsan`, bul du`n`ya ma`n`gi qarshaday.

Jaslar-keleshegimiz, olar jerde-bayram, toy, zawqı-sapa. Biraq, shayır jaslıqtı qurg`aq so`z benen maqtawdan awlaq, a`welden-aq onın` qa`dir-qa`wmetine jetip, pushaymansız o`tkeriwge ken`es beredi.

Baslanajaq edi muhabbatımız,
Ku`nler o`tken sayın qayta jasardıq,
Ku`tpegen baxıttan u`rkip atamız,
Tosın quwanıshtan ko`zge jas aldıq.

Kewil mısal, ushın-qong`an gu`belek,
Shaqırdı ırg`alg`an intizar gu`ller,
Ushırasqan waqta boldıq gu`n`elek,

Ayra tu`sken waqta sayradı tiller.

Shayırdın` o`mir ha`m baxıt tuwralı pikiri de ha`mmege ortaq, o`ytkeni g`a`leti joq haq ga`pti aytqan. Mine qaran`ız:

O`mir-gu`res, ol atlanıs uzaqqa,
Baxıt degen an`dı quwıp baraman,
On`aylıqta ol tu`speydi duzaqqa,
Abaysızda o`zim tu`sip qalaman.
Baxıt degen bola bergey alısta,
Teginlikte jetkermegey jollarım,
Baxıt degen-den sawlıqta shabıspa,
Baxıt degen-jer u`stinde bolg`anım.

Nan-bul ha`mmege jaqın, ha`mmege tu`sinikli, kiyeli so`z, o`ytkeni nan tirishiliktin` arqawı, adamzat o`mirinin` da`regi. K.Raxmanov hesh bir shayır ayta almag`an, aytsa da bunday da`rejede tujırımlı bolmag`an nan tuwralı ha`mmege qonımlı to`mendegidey pikir aytadı:

Nan-mazmunın qurar tirishiliktin`,
İygilikli iske aralasar nan,
Nan belgisi bolar tirishiliktin`,
Adamgershilik qa`siyetti jasar nan.

Du`n`ya nansız bolsa shadlıg`ı qashar,
Nansız qu`dirette bolmas jotalı,
Jer u`stinde bolg`an zat joq hesh qashan,
Nannan ma`rtebeli, nannan joqarı.

K.Raxmanovtın` shıg`armaların oqıp otırıp, onın` adam tulg`asın, keo`lbetin, sıpatın jasawg`a sheberligin an`laymız. Ta`riyplegen adamının` tek sırtqı pishininin`

su`wretin berip qoymastan, onın` minez-qulqın, adamshılıq qa`siyetlerin qalıwsız ashıp beredi.

Bunın` mısalın shayırdın` su`wretshi, alım, jazıwshı, shayırlarg`a, ko`rkem o`ner adamlarına ha`m basqa da o`z zamanlaslarına arnalg`an qosıq qatarlarınan, esteliklerinen ko`remiz.

İ.Yusupovtın` shayırlıq qa`lbin bılayınsha ashıp beredi:

Bir bag`man ju`r eken gu`lzar ishinde,
Tu`rli sha`menlerden gu`lda`ste jıynap,
Ergenegin ashtı bizlerdi sıylap,
Ha`m de ertip ketti ıssı da qıynap,
Tawdag`ı bulaqtan suwsın ishiwge.

Qaynap atır eken tawdag`ı bulaq,
Lekin, ishe almadıq tas arasınan,
Uzaqqa telmirdik tawdın` basınan,
Sonda bag`man kisi keldi rasınan,
-Men de talay qayttım bul jerden jılap…

A`debiyatımızdın` ullı aqsaqalı Jolmurza Aymurzaevtın` ta`riypi ju`da` qonımlı shıqqan:

A`zelden-aq aqsaqal dep aytar ek,
Sag`an basın iymes deysen` qay ta`rep?
Jolmurza ag`a a`debiyattın` bag`ında,
Shayqatılg`an mın` shaqalı bayterek.

Toqtamag`ay qanatın`dı qag`ısın`,
Da`r`yamızsan`, tasa bergey ag`ısın`,
Jetpis jıldan berli tartıp kiyatsan`,
Ju`gi awır a`debiyattın` arısın.

Sen awırsan`, a`debiyat-nawqasın`,
U`rkitip te ko`rdi talay jaw, qasın`,
O`z jolın`a tu`sirmedin` jat izdi,
Oylamadın` basqa o`mir g`awg`asın.

Shayır ju`reginin` taza, jan du`n`yası pa`k, azada ekenligi barlıq do`retpelerinen sezilip turadı, sonlıqtan ol xalqına hadal xızmet qılatug`ın adamlarg`a baxıt, ıg`bal bag`ıshlaytug`ın a`ziyz insanlardı ko`kke ko`terip ardaqlaydı, olardın` jaydarı jamalın, jag`ımtallı diydarın ko`pshilikke u`lgi, o`ner qılıw niyetinde ayqın sa`wlelendiredi.

Biraq K.Raxmanov ha`mmege birdey usınday saqıy, miyrim-sha`pa`a`tli emes, urı-ga`zzaplardı, jalataylardı, paraxorlardı, tonawshılar menen adam o`ltiriwshilerdi o`tkir, ashshı til menen a`shkaralaydı, olarg`a ko`pshiliktin` jek ko`riwshiligin tuwdıradı.

«Aqsha tragediyası» degen qosıg`ında avtor ar, uyat, namıstan ayrılg`an nasaz adamnın` biyma`ni o`mirin bayanlaydı. A`welden-aq miynetsiz du`n`ya toplawdın`, ha`r tu`rli hiyleler menen aqsha tu`siriwdin` jolların o`zlestirip alg`an birew ha`dden tıs bayıp ketedi, aqıbetinde qon`sı-qoba emes, ag`ayın-tuwg`anları menen qarım-qatnastı u`zedi, ha`tte sa`lemlesiwdi de yadınan shıg`aradı. Adamgershilik, qayır-saqawat degennen jurday bolg`an ashko`z sonsha bayıp ketiwine qaramastan aqsha tu`siriw niyetinde hesh bir sebepsiz toy beredi. Biraq diydilegen oyı bolmaydı, toyg`a shaqırılg`an ko`p sanlı adamlardan kelgeni on bes adamg`a da jetpeydi. Sonsha tawday etip u`yilgen dasturxanlar, soyılg`an mallardın` go`shi zaya boladı. Bul ızag`a shıday almay, tu`ni menen qan basımı ku`sheyip, ju`regi toqtap, erten`ine azanda o`lip shıg`adı.

Shayır qosıq qatarları menen jaramsız adamnın` jag`ımsız su`lderin elesletedi:

Jayılmag`an abırayı, atag`ı,
Aqsha bersen` tawdan o`zin atadı,
To`seginde hayalının` ornına,
Buwat-buwat pul qushaqlap jatadı.

ha`m qosıqtı to`mendegishe juwmaqlaydı.

Du`n`ya degen buyırmasa qıyıng`oy,
O`mir degen shiyshe yan`lı buyım g`oy,
Aqsha emes seni jasartatug`ın,
Adamlarg`oy, solar kelgen jıyın g`oy.

**Poemaları.** K.Raxmanov «Bult ha`m quyash», «Jambas qala», «Sen haqqında qosıq», «Ba`ha`r ha`m g`arrılar», «Tan` ashıg`ı», «Qardag`ı iz», «Sho`l da`stanı», «Jasasın paraxatshılıq», «Tazadan kelgen oqıwshı» atlı poemalar do`retti, bular oqıwshılar jurtshılıg`ı arasında qızıg`ıwshılıq tuwdırıp, unamlı pikirlerge miyasar boldı.

«Tazadan kelgen oqıwshı» poeması mektep oqıwshıları turmısınan alıp, qızıqlı syujetke iye. Poemanın` mazmunı Batır degen balanın` tilinen bayanlanadı. Awıl mektebi. Ko`pshilik oqıwshılar u`sh-to`rt shaqırım jerden qatnap oqıydı. U`sh aylıq jazg`ı dem alıs tawsılıp, sentyabr` ayının` basında mektepte oqıw qaytadan baslanadı. Batır oqıytug`ın klassqa Kamal Orazov degen tazadan oqıwshı keledi. Onın` keliwi menen tek ol oqıytug`ın klassta emes, pu`tkil mektep turmısında jan`alıqlar ju`z beredi.

Kamal mektep kitapxanasın ko`zden keshirip bolıp, jarlı ekenligin, qızıqlı kerekli kitaplardın` joq ekenligin aytıp, kitapxanashıg`a eskertiw jasaydı. Ol kitap oqıwg`a ju`da` qızıg`adı, u`y kitapxanası ha`r tu`rli kitaplarg`a bay eken. Kitap oqıw kerekligin, ko`p oqısa ko`p biletug`ının basqa balalarg`a aytıp ma`sla`ha`t qıladı. Ol burın qalada jasag`an eken, a`kesinin` kolxozg`a direktor bolıp tayınlanıwına baylanıslı u`y-ishi awılg`a ko`ship kelipti. Awıl balaları da`slebinde onın` kitap oqın` degen ken`esin maqullamaydı. «Jaz boyı, gu`zde awıl xojalıq eginlerin ta`rbiyalawg`a, jıyın-terimge, ata-analarımızg`a ko`mek beremiz, kitap oqıwg`a qol tiymeydi, al sizlerde qalalı balalarda kitap oqıwdan, oyınnan basqa talap joq», -deydi awıl balalarının` atınan Batır.

Bul is jaqpaslardın` tawıp ju`rgen qurg`aq da`lili ekenligin, ıqlas, qızıg`ıwshılıq bolsa ba`rin de iske asırıwg`a bolatug`ınlıg`ın, tek waqıttı u`nemlep paydalanıwdın` za`ru`rligin aytıp tu`sindiredi. Onın` so`zi balalarg`a maqul ha`m kitap oqıwg`a ıqlası artadı.

Dene ta`rbiyası sabag`ı waqtında mug`allim o`zinin` burıng`ı a`detine salıp, balalardın` qolına toptı berip: «bar dalag`a barıp oynap kele g`oyın`» degeninde Kamal:

-Belgilengen oqıw jobası boyınsha tiyisli sabaq o`tpeysiz be, u`yreniwge ılayıqlı ha`m paydalı sport oyınlarının` tu`ri ko`p emes pe?-deydi mug`allimge qarsılasıp.

Mug`allim oqıwshının` durıs so`zine basqa da`lil taba almay, qısınıp qaladı ha`m bunnan bılay dene ta`rbiyası sabag`ı basqasha tu`ske enedi. Basqa pa`nlerdi oqıtıwdag`ı kemshilikler de Kamaldın` durıs so`zliligi, tabanlıg`ı arqasında jo`nlenip ketedi. Mektep direktorı da Kamaldın` usınday ha`reketlerin maqullaydı. Birewdin` jetegine erip, aytqanın islep, o`zinshe islewge, oy juwırtıwg`a pa`mi alıspay ju`rgen oqıwshılarda da bara-bara jan`alanıw payda boladı, bul Kamaldın` o`tkir zeyinliliginin`, teperishliliginin` ta`sirinen edi. Kamal barlıq pa`nlerden jaqsı oqıw menen birge mekteptin` ja`miyetlik jumıslarına jedel qatnasıp, ko`p qayır tiygizdi.

O`zinin` miynet su`ygishligi, epshilligi arasında ol awıl xojalıq jumısların da tez men`gerip aladı. Gu`zdegi paxta terimine ko`mekke barg`anında birge oqıytug`ın klasslas oqıwshılarının` ha`mmesinen ko`p paxta teredi.

«Qardag`ı iz» poemasında Ullı Watandarlıq urıs jıllarındag`ı bir awılda ju`z bergen qayg`ılı waqıya su`wretlenedi. Jumısqa jaramlı adamlardın` ko`pshiligi frontqa ketip qalg`an, kolxoz jumısının` awırmanlıg`ı kempir-g`arrılardın`, hayal-qızlardın`, mektep oqıwshılarının` moynına tu`sken. Awıl adamlarının` sirkesi suw ko`termeydi, mun`lı, o`ytkeni urısta ju`rgen jigitlerden waqtı-waqtı xat keliwdin` ornına jawlar menen bolg`an sawashlarda olardın` nabıt bolg`anlıg`ı tuwralı «qara qag`azlar» kelip atır. Awıl adamları awıl qıyınshılıqlarg`a shıdap, ha`r kim o`zine tapsırılg`an jumısları menen ba`nt, mektepte de oqıw jurgizilip atır. Urıs waqtındag`ı mektep turmısı bılayınsha su`wretlenedi:

Tiyip-qashıp bardıq mektepke,
Mug`allimler boldı jetpesin,
Oqıw emes, sawash ketpekte,
Anıq sabaq o`tsin, o`tpesin,

Ol waqları «A`lipbe» emes,
Soldat xatın oqıw bir mashqı,
Sol xatlardı oqıp erte-kesh,
Ko`p balalar sawatın ashtı.

Waqıya poemanın` qaharmanı Sa`rsennin` tilinen su`wretlenedi. Sa`rsen sharwanın` balası, shopan a`kesi sawashqa ketip, kolxozdın` bir pada malı og`an qaladı. Mal bag`ıwg`a awıldag`ı qon`sılas dostısı Mina`j ja`rdemlesedi.

Qaqaman qıstın` ku`ni, jerdi qalın` qar qaplag`an. Mallardın` ot-sho`bi tawsılg`an. Awıldın` sırtındag`ı qalın` tog`aylıqqa Sa`rsen menen Mina`j ekewi mallardı jayıp qaytatug`ın edi. Bir ku`ni mal jayıwg`a barg`anda balalıq, biyg`amlıq penen mallarg`a onsha qaray almaydı, ekewi a`n`gimege berilip, ertek aytısıw menen keshti boldıradı. Gewgim tu`siwden mallardı aydap, awılg`a qaytadı. Mallardı qorag`a qamap tu`wellegende, bir saranaw sıyır joq bolıp shıg`adı. O`zinin` alag`ayımlıg`ına pa`nt jegen Sa`rsen tu`ni menen uyqılay almaydı, erten`ine azan menen qasına Mina`jdi ertip, jog`alg`an sıyırdı izlep shıg`adı. Qalın` tog`aydı aralap, ko`p jerlerdi basıp o`tedi. Bir jerlerge kelgende qardag`ı ko`p mallardın` izinen arı qaray ayrılıp shıqqan jalg`ız maldın` ha`m etikli adamnın` izin ko`redi, eki bala iz quwıp bara beredi. Aldılarında ju`z metrdey jerdegi qalın` bu`ktin` astınan joqarı qaray sozılıp shıg`ıp turg`an ko`gis tu`tindi ko`redi. Ekewi de toqtap, aldılarına ser salıp qaraydı. Pisken go`sh sorpasının` iyisi murınlarına keledi. Joytılg`an sıyırdın` urı ta`repinen qollı bolg`anlıg`ın ha`m soyılg`anlıg`ın ekewi de an`laydı, biraq, urının` mıltıg`ı bolıp atıp salar dep qa`wiplenip, turg`an jerinen ekewi de izine burılıp, sır bildirmey qaytadı. Ku`n batqanda awılg`a jetip, ko`rgenlerin kolxozdın` baslıg`ı Bekmang`a aytıp beredi.

Erten`ine azanda baslıq, mekteptin` mug`allimi, qaladan shaqırtılg`an militsioner ha`m Sa`rsen to`rt atlı bolıp urını uslaw ushın atlanadı. Sa`rsen jol ko`rsetiwshi bolıp, keshegi ko`rgen qalın` bu`kke atlılardı alıp keledi. Atlarınan tu`sip, to`rtewi de sol jerde irkiledi. «Sizler usı jerde ku`te turın`, o`zim baraman» dep militsioner qolına oqlawlı naganın uslap, aldındag`ı bu`kke qaray en`beklep ketedi.

Bir waqıtları jasırınıp atırg`an jerinen saqal, shashı o`sip ketken, bir ba`dba`sher adam shıg`ıp, aldına qaray ju`re baslaydı. Ornınan ushıp turıp, qarsı aldında payda bolg`an militsioner urıg`a jarag`ın gu`zep:

-Toqta! Qıymıldasan` atıp taslayman!-dep baqıradı.

Urı qolların ko`terip, bag`ınıwg`a ma`jbu`r boladı. Qolların baylap, at aldına salıp, urını awılg`a alıp keledi. Bul armiya qatarınan qashıp kelip, jasırınıp ju`rgen awıl adamı Du`ysen jalaq eken, Mina`jdin` tuwısqan ag`ası. Mina`j ag`asının` urı ha`m qashqın bolg`anına arı kelip, zar en`irep jılap qoya beredi. Anası bolsa balasının` ju`zine qol salıp julmalap, «Seni tuwg`annan go`re tas tuwg`anım jaqsı edi, endigiden bılay anadan bunday na`ma`rt ul tuwılmasın» dep balasına na`let aytıp, ızag`a shıday almay, shashın jayıp qarg`a qulaydı ha`m o`lip ketedi.

«Sho`l da`stanı» poemasın shayır a`yyemgi Ellikqalanın` qulazıg`an ken` dalasın, sho`listanlıqlardı egislik, paxtazarlıqqa, bag`ı-bostang`a aylandırg`an xalqımızdın` ma`rt ul-qızlarına bag`ıshlaydı.

Poemada adam menen ta`biyat arasındag`ı baylanıs jırlanadı. Barlıq tirishiliktin`, adam o`mirinin` da`regi bolg`an jer, suw hawag`a qusap adam da ta`biyat baylıg`ı, sonın` ajıralmas bir bo`legi. Sonlıqtan adam onı bag`ındırıp, o`z ma`pine jaratıp g`ana qoymastan, og`an ha`r ta`repleme g`amxorlıq jasawı, qa`dirlewi, qaytadan jasartıwı tiyis. Poemanın` ma`nisi ha`m waqıyalar jelisi usı bag`darda berilgen.

Shayırdın` sheberligi sonda, sonsha waqıtlardan berli men`irew bolıp jatırg`an sho`listanlıqqa ziban endirip, adamzatqa qarata ishki debdiwlerin, arzıw-a`rmanların bildiredi:

«Men-Sho`lmen, Tan`layım tamshıg`a in`kar,
Giyag`a oranıp jatqım keledi,
Ana-jer namısı bawrımdı untar,
Ka`n da`r`yası bolıp aqqım keledi.

Men-Sho`lmen, Neshshe a`sir dawıllar jolın

Uyıtqıp ko`mip, ta`g`dir menen tirestim,
Bir esitsem dedim, tın`lasam dedim,
Sın`g`ırlasıp aqqan suwlardın` sestin.

Men-Sho`lmen, Adamg`a bawırım jazıq,
Ken` ko`kirek janlar turqımdı o`lsher,
Atam zamanlardan jatqan qulazıp,
Men-Sho`lmen, Men-Sho`lmen, Men-Sho`lmen, Men-Sho`l.

Sho`listannın` zarına, tilegine bola iyesiz jatırg`an jerler o`zlestiriwge uyg`arıldı, bug`an respublikamızdın` barlıq jerlerinen miynetkeshlerdin` wa`killeri qatnasadı.

Bir ja`ma`a`t xojalıg`ında ko`p jıllardan berli paxtashılıq brigadasın basqaratug`ın Nurman da qasına bes jigit alıp, o`zi menen altaw bolıp, jer o`zlestiriwshiler qatarında Ellikqalag`a keledi.

Nurman jaslayınan turmıs qıyınshılıg`ın basınan keshirip, Ullı Watandarlıq urısqa qatnasıp, to`rt jıl boyı jawıp turg`an oq astında ju`rip, ha`r ta`repleme pisip shıqqan ma`rt jigit edi. Adamlardı ku`tip turg`an jumıslar ko`p ha`m awır, onın` u`stine dala qatallıg`ı hu`kim su`rdi. Gey ku`nleri uzaqtan tasılatug`ın suwlar, azıq-awqatlar kelmey qaladı, sog`an ajıralg`an mashinalar jolda buzılıp qaladı ya basqa illetler tabıladı. Gezlesken qıyınshılıqlarg`a shıdam bere almay, Nurmannın` joldaslarının` birewi awılg`a qaytıp ketedi, basqaları diydilegen maqsetinen qaytpay ko`pshilik penen birge bolıp, iyesiz jatırg`an jerlerdi o`zlestiriwge qatnasadı. Adamlar jan-ta`nin ayamay ku`ni-tu`ni miynet qıladı, ku`shli texnikalar, mashinalar ja`rdemge kelip, birdeyine qol-qanat bolıp, awır mu`shkillerin jen`illetedi. Uzın ha`m ken` kanallar qazılıp, suwlar aparıladı, quwrap jatırg`an jerler egislik jerlerine aylandırıladı. O`zlestirgen jerlerge respublikamızdın` ha`mme jerlerinen xojalıqlar ko`ship bara baslaydı. Tez pa`t penen qurılıs isleri qolg`a alınıp, mektep, bala baqsha, sawda ha`m ma`deniyat u`yleri salınadı ha`m basqa da biyik ha`m sulıw imaratlar boy tikleydi. Sho`listanlıqta jan`a rayon ha`m onın` rayonı bolg`an Bostan qalası payda boladı.

O`zlestirilgen jerlerde qonıs basqan jan`adan sho`lkemlestirilgen diyqanshılıq xojalıg`ının` paxtashılıq brigadasına ko`pshiliktin` qa`lewi boyınsha burınnan kiyatırg`an atayı diyqan Nurman basshılıq qıla baslaydı. Ta`biyat sırlarına qanıq bolıp qalg`an Nurmannın` miynetti su`yiwshiligi, haq kewilligi, jerdin` de, adamlardın` da tilin tabıw ha`m sheber sho`lkemlestiriwshiligi arqasında brigadası boyınsha paxtashılıqtan mol zu`ra`a`tke erisedi. Usınday pidayı, hadal insanlardın` miynetinin` na`tiyjesinde rayonda paxtashılıq ha`m basqa da diyxanshılıq, bag`shılıq, mal sharwashılıg`ı rawajlanadı.

Shayır poemanın` mazmunına ılayıq qızıqlı syujetti tan`lap alg`an, xalqımızdın` mol baylıg`ınan barınsha paydalang`an, bular ko`rkem ha`m teren` ma`nili bolıp shıg`ıwına arqaw bolıp tur.

Poemanın` qaharmanı Nurmannın` tulg`ası, sonday-aq ha`r bir qatnasıwshının` o`zine sa`ykes kelbeti ayqın sa`wlelengen. Bunın` ushın ten`ew, epitet, giperbola ha`m basqa da ko`rkemlew quralları ornı-ornı menen sheber paydalanılg`an. Qaharmanlardın`, ha`r bir qatnasıwshının` sırtqı sımbatı g`ana su`wretlenip qoymastan olardın` minez-qulqı, ishki keshirmeleri tolıq ayan boladı.

Poema a`skeriy xızmettegi soldat Batırdın` o`z su`yiklisi, brigadir Nurmannın` qızı Raximag`a jollag`an xatı menen baslanıp, og`an jazg`an Raximanın` juwabı menen tamamlanadı. Bul poemanın` ko`pshilikke qonımlı bolıwına, oqıwg`a ha`wesinin` artıwına sebepshi bolıp tur, o`ytkeni eki jastın` bir-birin shın kewilden su`ygenligi, haqıyqıy muhabbattın` qa`dir-qa`wmetine jetkenligi, sonday-aq tuwılg`an eline mehir-muhabbatı, o`z xalqına keleshektegi xızmet qılıw niyetleri bayanlanadı.

Batır da, Raxima da bir jıllıq tayarlıq kursın pitkerip, paxta teriw mashinasının` aydawshıları bolıp shıg`adı ha`m paxta zu`ra`a`tin jıynawg`a qatnasadı. Bir-birine unap qalıp, endi qosılayın dep ju`rgende Batır Armiya qatarına ketip qaladı.

Tuwılg`an elinen alısta ju`rgen Batırdın` xatında o`zinin` sag`ınısh sa`lemlerin bılayınsha bildiredi:

Dalamdı sag`ındım.. Seni sag`ındım..
Ayralıq jolında ko`zlerim tınar,

Sahra qoynında qalg`an bag`ımnın`,
Gu`lleri to`gilmey turma, a`y, Nigar?
A`ynekti qar menen u`rgin sabalar,
Qumların esletip Ellikqalanın`,
Ku`ndiz juwırtadı sheksiz dalalar,
Janım, sag`ındım g`oy sho`ldin` jamalın.

Raxima o`zinin` jazg`an xatında Batırg`a bolg`an muhabbatın ha`m sag`ınıshın ashıq bildiriw menen birge awıldag`ı, Ellikqaladag`ı o`zgerislerdi to`mendegishe xabarlaydı:

Sensiz bir jıl o`tti. Bildim Batırım,
Jalg`ızlıq degen ne? Ayralıq qanday?
O`mir do`n`gelegi barar aqırın,
Men tu`we sho`ller de seni joytqanday.

Sahra samalları o`jetlik penen
Sorap atırg`anday meni julqılap,
-Qatal ta`biyatqa dize bu`kpegen,
Jigit qayda? Qayaqta ju`r burqırap?

Janım, su`wretlewge tilgenem shorqaq,
Sahra kelbetine ta`siyin qalarsan`,
Ha`r paxta xanası ha`r gerbish ortaq
Kelsen`, sen de u`lesin`di tabarsan`.

A`debiyatqa XX a`sirdin` 50-jıllarının` ekinshi yarımında shayır sıpatında kirip kelip, poeziyada usınday o`zine ta`n hawazg`a iye bolg`an K.Raxmanov 70-jıllardın` ekinshi yarımında belgili dramaturg sıpatında da ta`n alına basladı.

K.Raxmanovtın` «Kelin», «O du`n`yag`a mira`t», «Eglengen ba`ha`r», «Tog`ız ton`qıldaq, bir shen`kildek», «Jaralı ju`rekler», «Laqqılar emlewxanada», «Injıqtın`

muhabbatı» ha`m basqa p`esaları Berdaq atındag`ı ma`mleketlik muzıkalı teatrdın`, S.Xojaniyazov atındag`ı jas tamashago`yler teatrının`, Respublikamız rayonlarındag`ı xalıq teatrlarının` saxnalarında qoyılıp kiyatır. Og`an 1978-jılı «Kelin», «O du`n`yag`a mira`t» p`esaları ushın Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıq berildi. Ku`lki aralas da`lkeklesiw, ha`zillesiw, basqılasıw xalqımızdın` ta`biyatına pitken milliylik qa`siyetlerinin` biri bolıp, olar gezlesken ha`r qanday qıyınshılıqlarg`a, awır ta`g`dir ha`siretlerine to`zimli bolıw, tu`n`iliwshilikke berilmesten jen`e biliwge, kewilli sergek bolıwg`a iytermelese, ekinshi jag`ınan olardag`ı toplang`an naqıl-maqal aralasqan teren` ma`nili ushqır so`zler, astarlı ma`nidegi danalıq ga`pler adamlardın` oy-sezimlerin, pa`min, zeynin jetistiriwge, a`dep-ikramlı, sıylasıqlı, miyrim sha`pa`a`tli bolıwg`a ta`rbiyalaydı.

Usı bag`dar, usı niyetler K.Raxmanovtın` barlıq dramalıq shıg`armalarına ta`n bolıp, waqıyalardıq qızıqlıg`ı, so`zlerinin` o`tkir ta`sirligi menen kewlin`di jawlap aladı, ko`rgen sayın ko`rgin`, oqıg`an sayın oqıg`ın` keledi.

«Laqqılar emlewxanada» komediyasın ko`rip otırıp, bul du`n`yanın` g`alma-g`alın umıtıp, shadlı ku`lkige batasan`, ku`lgen sayın ıqtıyarsız ku`le beresen`.

Emlewxananın` bir palatasında bes awırıw jatırg`an boladı, olardın` minez qulqının` ha`r tu`rli bolg`anınday nawqasları da ha`r tu`rli. Ma`selen, kolxozdın` brigadiri Palım mashinasın zın`g`ıtıp aydap kiyatırıp, atqan nasıbayın dalag`a tu`kirip taslayjaq bolg`anında joldın` shetindegi stolbag`a du`gip, mashinası awdarıladı, ayag`ı sınadı. Da`wen bolsa sum qıyallı buzıq hayaldın` ha`m onın` sheriginin` soqqısınan bası jaralang`an, Nurman araq dep kislota iship jibergen. Doxodbay traktorın izeykeshke awdarıp jaraqatlang`an. Alpamıs to`belesten qolın sındırıp aladı.

Bir-biri menen so`ylesiwleri, ha`reketleri arqalı ersi qılıqları sezilse de Palım da, Da`wen de, Nurman da, Doxodbay da aq ko`kirek, miynet su`ygish adamlar. Alg`an jaraqatlarınan sawalıp, emlewxanadan shıg`ıp baratırg`an olardın` kewline giznegen niyetlerinin` durıslıg`ına, aldag`ı waqıtları da adamlarg`a paydalı xızmetler isleytug`ınına tamashago`yler isenedi.

Ja`miyetimizde orın alıp kiyatırg`an jag`ımsız ha`diyselerdin` sebepshisi bolg`an, ju`rer jolınan adasqan jaslardın` biri Alpamıstın` qılwaları ko`rermenlerdin` ashshı, ızalı ku`lkilerin tuwdıradı.

«Tog`ız ton`qıldaq, bir shin`kildek» komediyası usı attag`ı xalıq erteginin` syujeti boyınsha jazılıp, tamashago`ylerge ertekten de qızıq bolıp ko`rinedi. Komediya adamlarg`a ku`lki, kewil xoshlıq bag`ıshlaw menen birge jaqsı menen jaman, tuwrılıq penen g`a`rremlik arasındag`ı tartıstı, gu`resti, haqıyqatlıqtın` u`stemlik su`riwin ko`rsetedi.

S.Xojaniyazov atındag`ı jas temashago`yler teatrı o`zinin` birinshi perdesin 1978-jılı K.Raxmanovtın` «Eglengen ba`ha`r» atlı 3 aktlı, 5 kartinalı muzıkalı dramasın qoyıw menen ashqan edi.

P`esada Arıslanbay menen Ziyada arasındag`ı su`yiwshiliktin` ko`rsetiliwi arqalı, pa`k muhabbattın` gezlesken ha`r qanday tosqınlıqlardan, qıyınshılıqlardan da qu`diretli ekenligi uqtırıladı.

Mexanizator jigit Arıslanbay bir topar o`zlestiriwshiler menen qosıla uzaqtag`ı sho`listanlıqqa ketedi, onın` basshılıg`ındag`ı brigada ag`zaları pida`kerlik miynet etip, egislik jerlerin asha baslaydı.

Arıslanbay sonsha jıraqta ju`riwine qaramastan qalada tu`ratug`ın o`zinin` su`yiklisi Ziyada menen xat alısıp turadı, bunı brigadanın` aspazı Sabır iske asıradı. Arıslanbaydın` jazg`an xatı bir ku`ni Ziyadanın` o`gey anası Saltanattın` qolına tu`sip qaladı. U`lken lawazımlı xızmettegi Ziyadanın` a`kesi nawqaslı bolg`anlıqtan og`an Artıqbay degen shıpaker jigit bekitilgen edi. Arıslanbaydın` traktorshı ekenligin bilgen Saltanat qızının` og`an qosılıwın mu`na`sip ko`rmey, unatpasa da shıpaker Artıqbayg`a turmısqa shıg`ıwg`a ma`jbu`rleydi. Bug`an qayılshılıq bermegen Ziyada u`yinen shıg`ınıp, o`zinin` tuwg`an anasın izlep ketedi.

Xızmette ju`rgende aydap kiyatırg`an traktorı qulap, astında qalıp qoyg`an Arıslanbaydın` o`miri qa`wip astında qaladı. Emlewxanada uzaq jatıp sawalıp shıqqan Arıslanbay sho`listandag`ı brigadasına kelip, jerge shigit sewip, paxta egisin baslaydı.

Ziyada Arıslanbaydı izlep keledi ha`m turaqlı tu`rde brigada da islep qalatug`ınlıg`ın bildiredi.

Son`ınan qızın izlep kelgen Saltanat Ziyada menen Arıslanbaydın` qosılıwına a`kesinin` ruxsat etpekshi ekenligin, bunın` ushın ekewinin` aldınan o`tip, aq pa`tiyasın alıp qaytıw kerekligin aytadı. Bul xabarg`a quwang`an Arıslanbay menen Ziyadanı sol jerde qatnasıp turg`an brigadanın` adamları shın ju`reginen qutlıqlaydı.

«O du`n`yag`a mira`t» atlı eki bo`limli, bes kartinalı prolog ha`m epilogdan ibarat tragikomediya «Aqıbet» romanının` syujeti tiykarında jazılg`an bolıp, qatnasıwshılar da romandag`ı adamlar bolıp tabıladı.

«Kelin» komediyasındag`ı ko`rsetilgen waqıya onlag`an jıl ilgeri waqıtları paxtashılıq kolxozlarının` birinde bolıp o`tedi.

Darımbet degen paxtakesh g`arrı hayalı Ulbiyke kempir menen oylasıp, institutti pitkereyin dep turg`an balası Zarımbetti keliwden u`ylendiriw ushın Da`wjan degen adamnın` er jetip otırg`an qızına quda tu`sip qaytadı, biraq bunnan balasının` xabarı joq.

Bolajaq kelininin` qalın` malı da ko`pke tu`sedi, u`yine kelip esaplap ko`rip, bunı to`lewge xojalıg`ının` jag`dayı ko`termeytug`ınına anıq ko`zi jetken Darımbet g`arrı ha`m kempiri abırjıwg`a tu`sedi.

Sonın` arasınsha balası Zarımbet o`zi menen birge institutti pitkergen shaqqan bir qız benen u`yine jetip keledi. G`arrı menen kempir sol waqıtları o`zlerinin` kelinli bolg`anlıg`ın biledi. A`depki waqıtları olar kelinnin` azang`ı, keshki dene shınıqtırıwların, u`stindegi sport lipasların da, ashıq minezliginen basqalar menen tartınbastan so`ylesiwlerin de ersi ko`rip ju`redi. Ulbiyke kempirdin` ayırım o`sekshil adamlardın` so`zine eriw kesirinen kelini Ayshaxannan ayırılıp qalayın deydi, biraq ma`sele anıqlanıp, jo`nlesip ketedi.

Zarımbet o`zinin` qa`nigeligi boyınsha kolxozda agronom bolıp isleydi, Ayshaxan da jumısqa o`tip, sport jumısların alıp baradı. İskerliginin`, tuwrı so`zliginin` arqasında Ayshaxannın` abırayı ku`n-ku`nnen artıp, kolxozdıq ka`sip awqamları Komitetinin` baslıg`ı bolıp saylanadı.

Bir ku`nleri Ayshaxannın` a`kesi, ataqlı ilimpaz Sabır Axmetov u`yine kelip qaladı, Darımbet g`arrı o`zinin` qudası menen tanısıp, u`lken quwanıshqa bo`lenedi, sebebi Urıs waqıtlarında mayor Sabır Axmetov komandirlik etken rotada kishi serjant Narımbet (Darımbettin` ras atı) a`skeriy xızmette bolg`an eken.

«Injıqtın` muhabbatı» da og`ada sa`tli shıqqan komediyalardın` birewi. Qudiyar g`arrı jası qırıqqa jaqınlap qalsa da ele u`ylene almay ju`rgen balası G`arrıbaydı qolınan jeteklep, ha`tte geyde moynına jip salıp da u`ylendiriw maqsetinde jeter jerde atı shıqqan qızlardın` u`ylerine aparadı. Biraq G`arrıbay «u`yleniwge uyalaman» dep a`kesinin` aytqanına ju`rmeydi. Injıq bolıp o`sken G`arrıbay qızlardan tartınadı, ushırasqanları menen durıslap so`ylese almaydı.

Sog`an qarap G`arrıbaydı sırttan qarag`an adam uqıpsız, hesh na`rsege ebi joq dep oylap qalıwı mu`mkin. Joq olay emes, ol miynetten qashpaydı, qolg`a alg`an jumısın puxta ha`m jedelli isleydi. Sıyır sawıw, tamaq pisiriw, nan jabıw, kir juwıw u`ydin` ishin tazalaw, mal qoranı tazalaw qusag`an jumıslardın` ba`ri qolınan keledi.

Qorasındag`ı baspaqlı bes sıyırdın`, bir tananın`, bir qoshqardın`, segiz qoydın`, on u`sh eshkinin`, to`rt serkenin`, on segiz ılaqtın`, jigirma bir tawıqtın` bag`ıp-qag`ıwı bir basına qarap tur. Onnan tısqarı qolının` sawasında o`zinen basqag`a biyma`lim sızılmalar sızıw, bir na`rselerdin` su`lderin, su`wretin salıw menen mashqul.

Bir ku`ni qoradag`ı buwaz qızıl sıyır tolg`atıp tura almay, ko`p qıynaladı.

Bunı ko`rgen Qudiyar g`arrı mal shıpakerin izlep ketedi. G`arrıbay sıyırg`a qarap qaladı. Usı waqıtları birinshi ko`riwge barg`an qızı Gu`misaydın` anası Ziyada kempir kelip «bizin` qızdı ne qıldın`, almasan` bir juwabın ber» deydi. G`arrıbay Gu`misayg`a u`ylenbeytug`ının aytadı. Kempir ketkennen keyin Ayjamal, Rısgu`l degen qızlar G`arrıbaydı izlep keledi, olar da og`an qosılıwg`a ta`medar bolıp ju`rgen eken, sebebi a`kesinin` ma`jbu`lewi menen olardı da «ayttırıp» barg`an edi. Unatpaytug`ın tu`s bildirgen G`arrıbay olardı da u`ylerine qaytaradı.

Ko`p tolg`aqtan keyin qızıl sıyır buzaw tuwadı. Usı waqıtları Qudiyar g`arrı Aysholpan degen qızdı ertip keledi, ol usı awılg`a jaqında kelgen mal da`rigeri eken, bıyıl Veterinariyalıq institutın pitkerip kelgen.

Sıyırdın` aman-saw bosang`anın bilgen Qudiyar g`arrı da, Aysholpan da quwanıp ketedi.

Birinshi ko`riwden-aq G`arrıbay menen Aysholpan bir-biri menen til tabısıp so`ylesip kete beredi. Muhabbattın` ne ekenin usı waqıtqa deyin bilmey ju`rgen G`arrıbay «usı qız mende muhabbat payda qıldı, Aysholpansız endi jasay almayman» deydi. Aysholpan da onı unatıp, ekewi turmıs qurıwg`a bel baylaydı.

G`arrıbaydın` quwanıshının` u`stine quwanısh qosıladı, onın` konkursqa jibergen awıl qurılısı boyınsha joybarı birinshi orıng`a aqshalay sılıqqa miyasar boladı.

# II. Ekinshi bap

## Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq ko`rkemlik o`zgeshelikleri

K.Raxmanov ha`r tu`rli temalarg`a arnalg`an onlag`an gu`rrin`lerden basqa «Ayralıq qosıg`ı», «No`ser», «O`mir ha`m o`lim» povest`lerin ha`m «Aqıbet» romanın do`retti. U`sh povest` ha`m romandı ja`mlestirip «Qaraqalpaqstan» baspası 1993-jılı «Aqıbet» ataması menen bir kitap qılıp basıp shıg`ardı.

«No`ser» povestinde sa`tsiz shıqqan muhabbat ta`riyplenedi. Pedagogikalıq institutttı pitkerip shıqqan Atajan diplom menen qosa mug`allimshilik jumısqa jollama alıp, o`z rayonına keledi, biraq awılındag`ı mektepte orın bolmay, uzaq tu`pkirdegi awılda jaylasqan mektepke barıp islewge ma`jbu`r boladı. Mektep direktorı Esmırza barıwdan-aq Atajang`a g`amxorlıq qıladı, o`zinin` xojalıg`ı turg`an jayınan bir bo`lme ajratıp beredi ha`m u`yin ko`shirip a`keliwge mashina da tawıp beredi. Anası Atajannın` bul sheshimine qarsı shıg`adı, ata ma`kanın, go`ne bolsa da a`lle qashan o`lip ketken g`arrısının` salıp bergen jayın taslap, birewdin` quwısına barıp tıg`ılmaytug`ınlıg`ın aytadı. Anasının` o`jetligine Atajan ilaj ete almaydı. Jolda qaytıp kiyatırıp, sonsha jerden ha`lek bolg`anına ashıwlang`an mashinanın` shofyori menen Atajannın` arasında ja`njel shıg`adı, keyni to`beleske aynaladı. Shofyor basına temir menen urıp, esten tandırıp Atajandı jolg`a taslap ketedi. Atajan rayon orayındag`ı emlewxanag`a tu`sedi. O`zin emlep atırg`an Ayjan degen medsestra qızg`a Atajan ashıq bolıp qaladı, sebebi onın` sırtqı pishimi ju`da` xoshırey edi. Ayjan mektep direktorı Esmırzanın` qızı ha`m bayag`ı shofyordın` baldızı eken, sol sebepli o`zinin` o`mirine qa`wip do`ndirip, den sawlıg`ına zıyan bergen adamnın` qılmısın Atajan keshiredi. Atajan Ayjang`a u`ylenbekshi boladı, ol da kelisim beredi. Aqır ayag`ında ba`ri basqasha bolıp shıg`adı: Ayjan sol emlewxanada shıpaker bolıp isleytug`ın hayalı, bala-shag`ası bar birewdin` oynası, meyli soqqan waqta sonın` kewlin xoshlaytug`ın janlı dene eken.. Bunın` anıg`ına a`bden ko`zi

jetken Atajan o`zinin` nadanlıg`ına, an`go`dekligine nalınadı. Ma`zi kewil ko`teriwdin` aqıbetinen ju`kli bolıp qalg`an Ayjan ayı-ku`ni tolg`an ba`ha`rdin` no`serli jawınlı tu`ninde u`yinen shıg`ıp ketip, qula du`zde, qalın` bu`ktin` arasına barıp ko`z jaradı,.. u`sh ku`nnen beri joytıp, izlep ju`rgen adamlar Ayjannın` da, tuwg`an ul balasının` da o`lip atırg`anının` u`stinen shıg`adı.

«O`mir ha`m o`lim» povestinde so`z etiletug`ın tiykarg`ı waqıya povest` qaharmanı Tillaxannın` o`z o`tmishin eske tu`siriwi arqalı bayanlanadı.

Tillaxannın` jaslıq da`wiri qayg`ı, ha`siretke tolı edi, ol esin biler-bilmes na`reste shag`ında urısqa ketken a`kesinen «qara qag`az» keledi, son`ın ala anası da qaytıs boladı. Orta mektepti pitkergennen son` qa`wender bolarlıq hesh kimi bolmasa da Tillaxan institutqa kirip oqıydı. Birge oqıp atırg`an dosları og`an qa`rejet jag`ınan ja`rdemlesip turadı, onın` u`stine o`zinin` stependiyası bar, gu`zdegi paxta jıyın-terim waqtında da pul tabadı.

O`zine so`z salıp ju`rgen instituttın` mug`allimi Toxtar Yakupov penen Tillaxan jasırın baylanıs jasaydı, onı o`zine unatatug`ın edi. Kandidatlıq dissertatsiya jaqlaw ushın Tashkentke ketken Toxtar qaytıs boladı. Bunnan son` Tillaxan institutdag`ı oqıwın qoyıp, kitapxanag`a jumısqa kiredi. Toxtardan ha`mledar bolıp qalg`an Tillaxan ul tuwadı, biraq basqalarg`a bildirmew maqsetinde balasın tuwıw u`yine taslap ketedi. Aradan azg`ana waqıt o`tkennen son` studentlerdin` otırıspasında tanısıp qalg`an awıl xojalıq texnikumında oqıytug`ın Elmurat Xojamuratov degen jigitke turmısqa shıg`adı.

Texnikumdı pitkergennen keyin Elmurat kolxozda agranom bolıp isleydi, Tillaxan awıldag`ı mektepte baslawısh klasstın` mug`allimi boladı. Erli-zayıplılar bir-birin sıylaydı, tatıw turadı. Waqıttın` o`tiwi menen perzentler payda boladı, olardın` aldı erjetedi, u`ylendirip bo`lek shıg`aradı.

Son`g`ı waqıtları Tillaxannın` o`zine den sawlıg`ı to`menlep baratırg`anday bolıp seziledi, awqatqa ishteyi joq. Jazılmastay awırıwg`a tap boldım ba dep qa`weterlengen Tillaxan rayon orayındag`ı emlewxananın` shıpakerine barıp ko`rinedi ha`m onın` uyg`arıwı boyınsha tekseriwden o`tedi.

Tekseriwdin` juwmag`ında qa`wipli awırıwdın` belgisi bar dep tabıladı ha`m No`kistegi onkologiyalıq emlewxanag`a jiberiledi. Tillaxandı ko`zden o`tkerip bolg`an emlewxananın` bo`lim baslıg`ı, meditsina ilimlerinin` kandidatı Tilewbay Saparovich onda hesh bir awırıwdın` joqlıg`ın aytadı. Tilewbay bayag`ı tuwıw u`yine taslap ketken Tillaxannın` tung`ısh perzenti edi, bunın` anıg`ına jetse de, onı o`zine de, basqag`a da bildirmeydi.

Tillaxan ekinshi ret shıpakerge ko`rineyin dep onın` u`yine barg`anında, mashina avariyasınan qaytıs bolg`an Tilewbay keshe jerlengen eken, suwıq xabardı topa-torıstan esitken Tillaxan ishke kire almay-aq haldan ketip qulap, tun`g`ısh perzentinin` bosag`asında ma`n`gige ko`z jumadı.

«Ayralıq qosıg`ı» povesti lirikalıq qaharman Qurbaniyazovtın` tilinen bayanlanadı. Radio esittiriw kompaniyasının` ko`rkemlik jaqtan basshısı Qurbaniyaz o`zinin` jumıs ornına kelgende tayarlıq ko`riw zalına jıynalıp otırg`an bir topar hayallardın` (ba`ri de artistler edi) tartısının` u`stinen shıg`adı. Olar keshe radio boyınsha berilgen Qurbaniyazdın` hayalının` aytqan qosıg`ı jo`ninde ga`p qozg`ap otır edi. Birew atqarıwshının` hawazının` ba`lent, namasının` jag`ımlı ekenligin moyınlasa, ekinshisiniq so`zinde qızg`anısh sezimleri bar edi: «Qurbaniyaz o`zinin` shıg`arg`an namasına ta`wir qosıq tekstin alıp, jumıs jag`daynan paydalanıp, o`zinin` hayalına aytqızıp, efir boyınsha berip otır, bul burınnan kiyatırg`an ataqlı qosıqshılardı bassınıw» deydi ol.

Qurbaniyaz tung`ısh perzentinin` mektepke da`slepki qa`dem atlag`an quwanıshlı ku`ninde hayalı Altınaydın` aytqan qosıg`ın plenkag`a jazıp alıp, radiog`a tapsırg`an edi, keshe sol qosıq efir boylap jan`lap esitilgen.

Qurbaniyaz usı qosıqtın` shıg`ıw tariyxın ayta baslaydı..

Awılda orta mektepti pitkerip shıqqan Qurbaniyaz No`kiske kelip, kiriw ekzamenlerin tapsırıp, institutqa oqıwg`a tu`sedi. A`kesinin` uyg`arıwı menen quda tu`sip, atastırıp qoyg`an qızı Xanım da onın` ma`sla`ha`ti boyınsha institutqa kirgen edi, ekewi birge oqıydı.

Skripka boyınsha biletug`ın bolg`anlıqtan institut basshıları ha`weskerler do`geregin sho`lkemlestiriwdi Qurbaniyazg`a tapsıradı. Sheber o`nerpazlardı, jaqsı qosıq aytıwshılardı tabıw ha`m tan`law og`an ju`da` awır sog`adı.

Bir ku`ni keshte uzın koridordı boylap baratırg`an auditoriyalardın` birinen shıg`ıp turg`an qızdın` jag`ımlı hawazın esitip qaladı. Qosıq pa`k muhabbatqa, arzıw-a`rman namalarına tolı edi:

Sag`ınıshımdı shashsam ken` dalalarg`a,
Alıstan diydarın` ko`riner zorg`a,
Ba`ha`r kelbetlerin toqır saylarda,
Ko`zlerim jolın`da kelermekensen`?..

Tawlarg`a minemen bultlar ko`shkende,
A`rman qushaqladı tal gu`wildeskende,
A`ynegimdi shertip samal eskende,
Ko`zlerim jolın`da, kelermekensen`?..

Kel dep jelbireydi ko`k oramalım,
Seni izlep tabar sa`ha`r samalım,
Tu`nlerde ku`temen, kel intizarım,
Ko`zlerim jolın`da, kelermekensen`?..

Qosıqtı aytqan u`shinshi kurstın` studentkası Altınay Yusupova eken. Qurbaniyaz onın` menen gezlesip, qansha jalınıp, u`gitlegen menen jan`ag`ı aytqan qosıg`ın qaytıp aytpaydı, ha`weskerler do`geregine de qatnaspaydı. Aqırında Altınay oqıwın taslap awılına ketip qaladı. Qurbaniyazdı da «Qızdın` oqıwdı taslap ketip qalıwına sebepshi bolg`an» dep jalg`annan ayıplap, oqıwdan shıg`aradı. Qurbaniyazdın` o`zinin` ha`m onın` doslarının` g`a`rremlikke qarsı tabanlılıq penen turıwının` arqasında ma`selenin` ba`ri anıqlanadı. Fakul`tet dekanı Ja`limbetov hayalın taslap, Altınaydı hayallıqqa almaqshı bolg`an, onı Qurbaniyazdan qızg`ang`an, basqada qılmısları a`shkaralanadı. Ol

jumıstan alınadı. Qurbaniyaz da, Altınay da institutqa qaytadan alınıp, oqıwın dawam etedi. Xanım Qurbaniyaz benen Altınaydın` baylanısı bar eken dep gu`manlanıp, basqa jigitke turmısqa shıg`ıp ketedi.

Altınay Qurbaniyazg`a o`zinin` o`tmishin qaldırmastan aytıp beredi. Da`wirxan menen Altınay bir mektepte oqıydı, ol onnan bir klass joqarı edi. Ekewi bir-birin su`yip, ayrılmastay bolıp qaladı. Biraq german fashistleri ashqan urıs bulardın` baxtına kesent qıladı ha`m qaytıp kelmeydi.

Altınaydın` aytqan qosıg`ı o`zinin` su`yiklisi Da`wirxang`a arnalıp, sag`ınısh azabı qıynag`an waqta g`ana aytadı eken, ko`pshiliktin` aldında, aytıp ko`rmegen. Da`wirxan jas shayır edi, mektepte oqıp ju`rgen jılları qosıqları gazetalarda ja`riyalang`an.

Da`wirxannın` a`skerlikke ketip baratırıp berip ketken qol jazbaların ha`m su`wretin Altınay ele saqlap ju`r eken. Sonı Qurbaniyaz jazıwshılar mekemesine aparıp tapsıradı. Da`wirxannın` qosıqları su`wreti menen a`debiy jurnalda basılıp shıg`adı. Qurbaniyaz benen Altınaydın` qatnasının` izi muhabbatqa aylanadı ha`m ekewi qosıladı.

Povest`tegi su`wretlengen waqıyalar biri birinen qızıq, oqıg`an sayın oqıg`ın` keledi. Povest` qaharmanının`, basqada qatnasıwshılardın` sıpatlaması tolıq o`z sa`wleleniwin tapqan, sırtqı kelbeti, ha`reketleri, ishki keshirmeleri boyınsha bir-birinen bo`linip turadı.

K.Raxmanov g`a`rezsizlik jıllarında prozanın` en` epik janrı romanshılıqta da na`tiyjeli qa`lem terbetti. Ol az g`ana waqıttın` ishinde «Aqıbet», «Tun`g`ısh muxabbat» sıyaqlı eki romannın`i avtorı boldı. Onın` «Aqıbet» romanının` mazmunın qurag`an waqıyalar Taspolattın` ha`m onın` hayalı Ulperinin` ha`reketinin` a`tirapına ja`mlengen. Taspolat u`lken sawda birlespesinin` baslıg`ı, qaladag`ı barlıq du`kanlar, sawda orınları, skladlar sonın` qaramag`ında. Ko`p jıllar boyı sawda ma`kemesinin` baslıg`ı bolıp islep kiyatırg`anlıqtan basshılardın` ko`pshiligi menen tanıs, olardın` jumısın pitkeredi, olarg`a qarag`anda qolı jazıq, bar xızmetin ayanbaydı, sonlıqtan olarg`a so`zi o`tedi, kerekli jerinde solar arqalı o`zinin` de mu`ta`jin pitkeredi. A`depki waqları onın` isleri alg`a basadı, sawda, zat aylanıw jobaların artıg`ı menen orınlap, ko`p payda tu`siredi. Ol

menmenlikke berilip, ko`pshilikten ajıralıp qaladı. Qara basının` ha`zligi, ma`pi ushın xalıq mu`lkin ısırap etedi, o`zi menen turmay basqalardı da awır jınayat islewge iytermeleydi. Aqırısında ha`mmesi a`shkaralanıp, shıqpastay jazag`a giriptar boladı.

Taspolattın` hayalı Ulperi u`yindegi jıynalg`an mol du`n`yanın`, olsız hesh na`rse isley almaydı, xojalıg`ındag`ı, ken`sedegi jumıslar da sonın` qatnası, aytıwı menen pitkeriledi. Barlıq na`rsenin` tetigi aqshada, sol arqalı abırayı, ataqqa, quwanıshlı turmısqa, qa`legen na`rsege, tilegin`e, mu`ta`jin`e erisiwge boladı, degen jalg`an isenimge giriptar bolg`an Ulperi buzıla baslaydı ha`m basqalardı da buzadı, ku`yewinin` qarawındag`ı xızmetkeri Sherniyazdı ha`r tu`rli hiyleler menen o`zinin` oynasına aylandıradı.

Erli-zayıplı Taspolat penen Ulperi jalg`ız balası Nurpolatqa durıslı ta`rbiya bere almaydı. Tayın du`n`yanın`, mol puldın` ortasında o`sken Nurpolat ata-anasının` qılapshılıg`ı ta`sirinen haram tamaqlıqtan basqa hesh na`rsenin` de parqına jete almaydı. Ap-an`sat kirip alg`an universitettegi oqıwın da kelistire almaydı, puldın` ku`shi menen imtixanlardan qutılıp kiyatırg`an Nurpolat bir hadal ju`rekli, talapshan` mug`allimnin` sabag`ınan qulap qaladı. Ulperinin` parag`a beretug`ın pulları da, Ulperinin` sharbayashılıg`ı da mug`allimlerdi moyınsındıra almaydı. Universitetten quwılıp ketken Nurpolat burınnan baylanıslı «Tu`n juldızları» dep atalg`an jınayatshılar toparının` basshısı «Mamont» dep at keshken quday biyzarı jalmawızdın` haram niyetin iske asırıw ushın «Jiguli» mashinasınan ayırıladı, bes mın` somnan basqa, u`yinen urlap alıp shıqqan ju`z mın` somlıq altın zaemdi da o`z qolı menen tapsıradı. Ata-anasınan, u`yinen, o`z jurtınan bezip, Mamonttın` jeteginde ketken Nurpolat Kavkazda, Kislovodskiyde sonın` qolınan o`limge duwshar boladı.

O`zinin` de, o`mirlik joldasının` da g`a`rremlik, hiyle menen juwqalıqqa tolı turmıs jolının` ha`siretli, awır aqıbetlerge a`kelip soqtırg`anın an`lag`an Ulperi o`z qolı menen o`zinin` shan`arag`ına o`rt beredi, sawlatlı jayı, ishindegi qımbat du`n`yası, mu`lki menen qosa o`zi de janıp ketedi. Onın` basqa isleytug`ın ilaji qalmag`an edi.

Taspolat penen Ulperinin` qarım-qatnas qılatug`ın adamları, dosları barshılıq. Olar da o`zlerine taqqabbil, turmıs jolı da, oy-pikiri de sa`ykes keletug`ın adamlar. Solardın` biri Sherniyaz. A`welinde ol ju`k mashinanın` shofyorı edi. Xızmet babında Taspolat penen tanısıp, urıwlas ag`ayini bolıp shıg`adı. Taspolatqa ha`m Ulperige jag`ınıp, ag`ash buyımları du`kanının`, son`ıraq sanaat zatları du`kanının` baslıg`ı, aqırında oraylıq sklad baslıg`ı boldı. Ha`r tu`rli hiyleler menen pul tabıwdın`, du`n`ya toplawdın` jollardın` ustazı bolg`an Taspolat penen Ulperiden u`yrenedi ha`m bara-bara olardan da o`tkeredi. Mol du`n`yag`a iye bolg`an Sherniyaz buzıqlıq jolg`a tu`sip, qılmıslı islerge qol uradı. O`zinin` ku`ni ushın Ulperige jaqınlıq islep, oynas tutadı, onın` menen turmay perzenti menen qosa hayalınan ajırasadı, o`zinin` qarawındag`ı du`kanshı qızg`a u`ylenedi. O`zinin` ha`m Taspolattın` qılmısların bastırıw ushın du`kang`a o`rt beredi. Biraq qutıla almaydı, jumısı tekserilip, moynına pul tu`sedi, basqa da qılmısları a`shkaralanadı.

Romannın` mazmunın qurag`an waqıyalar arqalı 60-80-jılları bizin` respublikamızda ju`z bergen turmıs haqıyqatlıg`ı, hu`kim su`rgen da`wir tutımının` illetleri su`wretlenedi. Xalqımızg`a ekonomikalıq ha`m ruwxıy jaqtan ko`p zıyan bergen illetlerdin` sırqındısı ha`zirgi ku`nlerimizde de gezlesip atır. Usı illetlerden awlaq bolıwg`a ha`m og`an qarsı gu`resiwge jaslardı ta`rbiyalawg`a romannın` tutqan ornı ayrıqsha.

2000-jıllar romanshılıg`ında K.Raxmanov ja`ne bir sa`tli shıg`arma do`retti. Onın` “Tun`g`ısh muhabbat” romanı 2004-jılı “A`miwda`r`ya” jurnalının` Q 2-3-4-5-6-sanlarında, dawamı 2005-jılı sol jurnaldın` da`slepki sanlarında ja`riyalandı.

Roman, temasınan ko`rip otırg`anımızday, adamzat o`mirinin` tiykarg`ı arqawı, ko`rkem a`debiyattın` en` eski ha`m en` jan`a, sonın` menen birge ma`n`gilik teması-muhabbat temasına bag`ısh etilgen.

Biraq, K.Raxmanov su`wretlegen muxabbat jan`a jigit bolg`an, jan`a qız bolg`an eki jas o`spirimnin` yamasa esli eki ashıqtın` bir-birin shın berilip su`yiwi, aqır ayag`ında biri-birine qosıla almay hijran otlarında janıwı, solay etip, bir o`mirge a`rman pushayman

sezimlerinde qalıwı emes, kerisinshe biz ku`tpegen, bizge onsha u`rdis bolmag`an, bizin` ko`zimizge jattay ko`rinip, qulag`ımızg`a ersilewdey esitiletug`ın sa`tsiz muhabbat-jas o`spirim balanın` o`zinen 5-6 jas u`lken, ele tiri ag`asının` hayalı-tuwısqan jen`gesine bolg`an muhabbatı.

Durıs, jas o`spirimlerdin` o`zinen u`lken jastag`ılarg`a, kerisinshe u`lken jastag`ılardın` o`zinen kishi jastag`ılarg`a muhabbatı du`n`ya klassikasında, atap aytqanda, S.Tsveyg, İ.Turgenev, Sh.Aytmatov, qaraqalpaq a`debiyatında T.Qayıpbergenov do`retiwshiliginde azlı-ko`pli sa`wleleniw tapqan tema.

Biraq a`n`gime-temanın` eski, yaki go`neligende, yaki jazıwshının` bul temag`a birinshilerden bolıp qol urg`an, urmag`anlıg`ında emes, a`n`gime-jazıwshının` aytajaq oy-pikirinde.

K.Raxmanov bul temag`a o`zinshe qatnas jasaydı. Ol bunday muhabbatlardı quwatlawdı emes, usınday muhabbatlardı keltirip shıg`arg`an o`mir shınlıg`ın, da`wir haqıyqatlıg`ın, onın` illetlerin, adamlar sanasındag`ı izlerin barlıq quramalılıg`ı ha`m qarama-qarsılıg`ı menen ashıp beriwdi bas maqset tutadı. Sol ushın da jazıwshı bul muhabbattı qaralaw niyetinde bolmaydı, quwatlamaydı da, lekin o`mirde bolg`anınday etip barlıq go`zzallıg`ı ha`m nuqsanları menen isenimli tu`rde ko`rkem etip sa`wlelendirip beredi.

Bul pikirlerdin` durıslıg`ın biz roman mazmunı menen teren`irek tanısıw arqalı bilemiz.

Roman waqıyaları jas o`spirim bala Shamurattın` o`mirdi baqlawları, og`an o`zinin` de belsene aralasıwları arqalı onın` tilinde sheberlik penen su`wretlendiriledi ha`m jazıwshının` tiykarg`ı aytajaq oy-pikiri de usı bas qaharman Shamurat obrazında ashıp beriledi.

Shıg`arma waqıyası Shamurattın` ag`ası Aytmurattın` ku`tilmegende qız alıp qashıp kelgen jerinen baslanadı. Qız bolg`anda da birewdin` atastırıp qoyg`an qalın`ı eken. Aytmuratlar ele u`yge kelip u`lgermesten-aq seziklengen bolajaq ku`yew Eshimbet,

Dawıtbay degen jası u`lkenin ja`ne bir jigitti aldına salıp, tan` qaran`g`ısında Baymurat g`arrının` u`yinin` esigin sındırıp ta`p berip keledi.

-Balan` bizin` da`stu`rimizdi ayaq-astı etti. Awılımızdın` man`layına tikken sahıpjamalın alıp qashtı,-dep doh uradı.

Ga`ptin` ra`ma`wzine qarag`anda, Baymurattın` balası Aytmurat Kalan degen degen ferma baslıqtın` usı pa`t berip so`ylep turg`an balası Eshimbettin` ayttırıp qoyg`an qalın`lıg`ın alıp qashıp ketken uqsaydı.

Haqıyqatında da, waqıya sonday bolıp shıg`adı. Balan`dı “o`ltirmekshimizYo”-dep kelgen quwg`ınshılar ketiwden, “Baymurat ag`aYo”-lap Aytmurattın` Jan`abergen degen jorası “Su`yinshi” sorap keledi. Aytıwına qarag`anda, Aytmuratqa tap jan`a g`ana kelip ketken quwg`ınshılardın` qalın`lıg`ı-Nazlıbiykeni alıp qashıp a`kelgen qusaydı.

Shamurattın` Nazlıbiykege bolg`an balalıq ha`wesi onın` bul u`yge qoyg`an da`slepki kelin qa`deminen baslap urqan atadı:

“Qaramıqtay ko`zlerinen menin` jismime ko`z tu`sip ketkendey dirr ete qaldım, onın` qıstı jamılıp turg`an sahıpjamalınan ba`ha`r epkinleri baslanıp atırg`anday boldı”. (“A`miwda`r`ya” №2-2004, 6-bet).

Usılayınsha Baymurat g`arrının` u`yinde toydın` ta`ta`rrigi baslanadı. Urıstan keyingi jıllar. Joqshılıq… Aytmurat kelin a`kelmesten burın to`rt jan bir o`jirege tıg`ılıp jasap atırg`an olar u`lken qısınıspag`a tu`sip qaladı. Toydı beriwdin` tayarlıg`ında ju`rip jas-jubaylardın` jasawı ushın bo`lek jay qarastırıp baslaydı. Eldin` ruxsatı menen bosap qalg`an A`ziyra kempirdin` eki bo`lme jayın Aytmurat penen Nazlıbiykege pana etip beredi.

Toy beriwdin` qıyınshılıg`ı onnan da beter boladı. Nazlıbiykenin` ata-anası toyg`a u`zil-kesil qarsı turadı. Kalannan alatug`ın mal-du`n`yanın` ku`yigine shıdamag`an İskender g`ırnaqtın` hayalı “Onday qızımız joq, o`lgenYo Asına da barmayman”-dep qaytarıp jiberedi. Biraq kelip tu`sken kelin ata-anasına uqsamag`an, “qudayjarılqag`an” nashar bolıp shıg`adı. Kelin menen qupıya so`ylesip kelgen Aytmurattın` anası Palbiydin` tilinen onın` bul sıpatlı belgileri to`mendegishe ta`riyplenedi**:**

-Ata-anam ne dese, dey bersin, dedi kelin. Sizler bilgenin`izdi isley berin`, dedi kelin. Men olardın` kewline qarap bir mal menen jasay almayman, dedi kelin. (“A`miwda`r`ya” №2-2004, 17-bet).

Biraq Nazlıbiykenin` usınday ma`rtlik penen bas tikken bayteregi-Aytmurattın` da Eshimbetten artıqshılıq jeri bolmay shıg`adı.

Aytmurattın` bul minez-qulqın jazıwshı onın` inisi Shamurattın` tilinde sheberlik penen to`mendegishe ta`riypleydi:

“Qudayım-ay, mal menen jasayman dep, tisleri aqshıyg`an ash qasqırg`a tap bolmasan` bolg`anı g`oy… Nazlı kishem-ay… Aytmurat ajag`am senin` qa`dirin`di biler me eken, bilgey da`… Ha`m ata-anan`nan, ha`m erkek a`wladınan ju`da` bolıp qalmag`aysan`, kishem…” (“A`miwda`r`ya” №2-2004, 17-bet).

Jas bala bolsa da, ajag`asının` minezine qanıq Shamurat bir na`rseden bilgendey seziklengen edi. Toy bolıp o`tken ku`nnin` aqshamında-aq Nazlıbiykenin` ko`zinin` u`sti ko`gerip shıg`adı. Onın` “man`layshag`a urıp aldım” degenine basqa isense de, Shamurat isenbeydi.

Biraq ag`ası Aytmurat ku`n o`tken sayın, Nazlıbiykege qasqırlarsha keyipte qatnas jasag`anın qoymaydı. Burınnan bar qanqızbalıg`ı tutıp, ata-anası, inisi Shamurat penen jiyi-jiyi urısıp, taqır jerden shan` shıg`arıp turadı.

Aytmurat mektepke dene ta`g`rbiyasınan oqıtatug`ın  mug`allim bolıp o`tkennen keyin, azmaz jo`nlesip, xojalıg`ına da, mektep jumıslarına da belsene aralasıp, pitegene beti berman qarap kiyatırg`anday boladı. A`sirese, mektep jumısların ku`n-tu`n demey isleydi, mektep stadionın jo`nlep, “Shamshıraq” atlı futbol komandasın du`zip, rayonlıq jarıslarg`a qatnasadı. Jumısqa berilip ketkenligi sonshelli, “geyde sol jaqta tu`nep qaladı”.

Shamurat bayqap qarasa, bunın` da o`z aldına bir sırı bar eken:

“-Tu`nep?-dep hayran qaldı Jan`abergen ag`a. -Orıs qızlar bar ma ele?

-Ne orıs qızlar? Mug`allimler me? Awa, bar. Nege soradın`?

-A`y, ma`zi…

(“A`miwda`r`ya”, №2-2004, 30-bet).

Jan`abergen bul sorawdı ma`zi bermegen eken. Ol “orıs qızlar” degende Rossiyanın` alıs awıllarınan jollama menen kelip, mug`allim bolıp islep atırg`an Valentina Poxomova (Valya) menen Zinaida Zav`yalovanı (Zina) shamalap turg`an qusaydı.

Bunnan Shamurattın` kishesi Nazlıbiykenin` de azlı xabarı bolsa kerek.

“-Kesheden berli ajag`an` kelmedi g`oy, mırzag`a?-dep soraydı bir ku`ni.

-Mektep bette jumısı ko`beyip ketken onın`.

Kishem o`kpeli pishinde so`yledi.

-Hu`kimettin` jumısı dep, u`ydegi jumıstı umıtıp ketiwge bolmaydı g`oy.

-U`yde ne jumıs bar og`an qarap turg`an?

Kishemnin` ko`zleri qupıya ku`limsiredi, bet-a`lbeti o`kpeli adamnın` pishinine uqsap ketti, bunday ko`rinis tek g`ana hayallarg`a ta`n shıg`ar.

-A`y, balasan`-aw ele…mırzag`a,-dedi mennen kishem basqa jaqqa qarap. -Jalg`ız o`zim… tu`ni menen qorqıp shıqtım…

(“A`miwda`r`ya”, №3-2004, 3-bet.)

Usılayınsha Aytmurattın` “sırı” jazıwshı ta`repinen kem-kem sheber ashılıp bara beredi. Onın` sırı ashılg`an sayın, onın` minez-qulqı da jan`a biz bilmegen ta`repleri menen ko`rinis bere baslaydı. Aytmurat tek g`ana ko`tere soqpay qan qızba emes, o`mirlik joldasına ısıg`ı joq, muhabbatqa miyrimsiz de jigit eken. Mektepte qonıp qalıp ju`rgenine qarag`anda, sol orıs qızlardın` birewi menen “ku`ydim-jandım”nın` jolına shıg`ıp, jasırın til tabısıp ju`rgen de qusaydı.

Bir saparı sport formanı alıwdı ba`nelep onı qalag`a qıdırtıp ta qaytıptı…

Aytmurat xarakteri qanshama unamsız sıpatları jag`ınan ashılg`an sayın, Nazlıbiykenin` unamlı qılıqları, Shamurat ha`m onın` ata-anasının` ko`z aldında birme-bir ko`rinis taba baslaydı. Ol orıssha xat sawatı bar, zamanago`y, miynetkesh a`dep-ikramlı qız eken.

Usı pazıyletlerge qa`ynisi Shamurattı da ta`rbiyalay baslaydı. Aytmurattın` Nazlıbiykege suwıqlıg`ının` sırı aqır-ayag`ında pash boladı. Onın` u`sh jıllıq armiyag`a ketemen ju`rgeninde ga`p bar eken. Armiyag`a barg`anına bir jıl jeter jetpesten-aq onın`

Valyag`a u`ylenip alg`anlıg`ı, ha`tte onnan balalı da bolayın dep turg`anlıg`ı belgili boladı.

Usınday bassınıwlarg`a qaramastan, Nazlıbiyke ta`g`dirine ta`n berip qalmaydı. Kerisinshe qıyınshılıqtı jen`iwge tırısıp o`zin de, o`zgelerdi de jaqsı jollarg`a baslawg`a ha`reket etedi. Aldın`g`ı terimshi bolıp tapqan g`a`rejetlerin xojalıg`ın ko`rkeytiwge jumsasa, mektepte kitapxanashı bolıp ju`rip, jas-o`spirimlerdi ilim-bilim iyelewge ruwxlandıradı. Jaqsılıg`ı arqasında "ko`rmeymen, qatnaspayman"-dep ju`rgen ata-anası menen til tabısıp ketedi. Onın` baxtına, onı ayttırıp qoyg`an Eshimbet te atı alıp qashıp ketip tosattan qaytıs boladı.

Aytmurat Nazlıbiykege jaman qılıq ko`rsetip, qanshelli azap bergen sayın, Shamurat onın` jaqsı ta`replerin an`lap baradı. Og`an azap bergen, onın` ko`kiregin suwıtqan ag`asın jek ko`redi, Nazlıbiykenin` ta`g`dirine jan ashıtadı, onı ayaydı.

Nazlıbiyke, Aytmurattın` o`zi jaman bolsa da, onın` baladay haq-ko`kirek ata-analarına, girshiktey sap-taza hu`jdan iyesi, kewilinde a`ndiyshesi bar, sezimtal jan Shamurattın` balalıq pa`k sezimlerine bola bul u`ydi taslap ketkisi kelmeydi… Shamurattın` balalıq pa`k muhabbatı Nazlıbiykenin` de ju`regin jawlap aladı… Aqır-ayag`ında Nazlıbiyke bul u`ydin` ma`n`gilik kelini bolıp qaladı.

Avtordın` aytajaq oyı tu`sinikli: adamlar arasında ala da bar, g`ula da bar, bulardın` ba`ri de waqıtsha, biraq bir na`rse ma`n`gilik-shın sezim, pa`k muhabbat ma`n`gilik, onı hesh qanday ku`sh irkip tura almaydı.

Jazıwshının` sheberligi tek temag`a o`zinshe do`retiwshilik qatnasta bolg`anında, su`wretlegen waqıyalardan jaqsı ideyalıq juwmaq shıg`ara alg`anında emes, ha`r bir waqıyanı da`wir haqıyqatlıg`ına say su`wretlep bergenliginde de ko`rinedi.

Romanda Palwaniyaz bay, onın` jesiri A`ziyra kempir, İbrayım bol`shoy obrazlarında 30-jıllardag`ı repressiya qurbanlarının` ta`g`diyri ko`rinse, Baymurat, Palbiy, İskender, Ajar obrazlarında urıstan keyingi awıl adamlarının` turmıs ta`g`diri ayqın sa`wleleniwin tapqan.

Juwmaqlap aytqanda, K.Raxmanovtın` “Tun`g`ısh muhabbat” atlı bul romanı g`a`rezsilik jıllarında muhabbat temasında  u`lken epikalıq polotnada jazılg`an ko`rkem shıg`armalardın` en` qunlılarınan esaplanadı.

## Juwmaq

Biz «K.Raxmanovtın` prozasının` o`zgesheligi»-dep atalatug`ın bul pitkeriw-qa`nigelik jumısımızdı Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı, to`mendegi u`lken eki bapqa ajırattıq:

1. K.Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: K.Raxmanovtın` jazıwshılıq jolının` evolyutsiyası.

2. Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq, ko`rkemlik o`zgeshelikleri.

Birinshi bapta, atamasında ko`rinip turg`anınday, K.Raxmanovtın` shayırlıq, dramaturglik jollardı basıp o`tkennen keyin prozada qa`lem sınaw sebepleri ken` tu`rde tallanıp, to`mendegidey juwmaqlar jasalındı:

1. Qaraqalpaq jazıwshılarının` ko`p qırlı talant iyesi bolg`anınday, mısalı, J.Aymurzaev, İ.Yusupov, T.Qayıpbergenov h.t.basqalardın` ha`m shayırlıq, ha`m dramaturglik, ha`m jazıwshılıq jollardı basıp o`tkenindey, K.Raxmanov ta ko`p qırlı talant iyesi.

Biraq K.Raxmanov do`retiwshiligi joqarıda atı atalg`an ha`m basqa da atları atalmag`an jazıwshılardan ma`lim da`rejede parıq qılıp turadı. Atap aytsaq İ.Yusupov prozada qa`lem sınap ko`rip «Seydan g`arrının` gewishi»nen keyin «”an`q etpes»ke ta`wbe qılıp, sa`tli dramalar jazsa da, dramturglikti ka`sip qılmay, tek shayırlıq jolg`a sadıq bolıp, shayır atın ko`tergen bolsa, T.Qayıpbergenov a`debiyatqa qosıqları menen kirip kelip, ara-tura dramalıq shıg`armalar jazg`anı menen, shayır da, dramaturg te atanbay, jazıwshı sıpatında prozag`a sadıq bolıp qaldı, xalıq onı prozalıq shıg`aramaları esabınan jazıwshı dep ken`nen tanıydı.

K.Raxmanov bolsa bul u`sh janrda da sa`tli qa`lem terbetken ko`p qırlı, bir sırlı talant bolıp tabıladı.

Biraq, ol, a`lbette, birinshi gezekte shayır. A`debiyatqa «Tawıq» qosıg`ı menen kirip kelgen ol o`mirinin` aqırına shekem (son`g`ı toplamı «Ma`nzilim alıs»qa shekem)

da`slepki qa`demi shayırshılıq jolg`a sadıq qaldı. Onın` Watan, tuwılg`an jer, muxabbat, o`mir haqqındag`ı ko`p sanlı qosıqları menen «Tan` ashıg`ı», «Qardag`ı iz», «Sho`l da`stanı», «Jasasın paraxatshılıq», «Tazadan kelgen oqıwshı», «Jambas qala», «Bult ha`m quyash» sıyaqlı bir neshe poemaları ha`m lirikalıq, ha`m epikalıq poeziyanın` da sheberi sıpatında tanıttı.

«Sho`l da`stanı» poeması sho`listandı egislikke aylandırıp, paxtashılıqtın` rawajlandırılg`anı so`z etiledi.

«Tazadan kelgen oqıwshı» poemasında mektep turmısı syujet etip alıng`an.

«Qardag`ı iz» poemasının` mazmunı Ekinshi du`n`ya ju`zlik urıs da`wirindegi awıl turmısı menen baylanıslı.

Bul poemada qaharmanlıq ha`m satqınlıq haqqında shayırdın` oy-pikirleri bildiriledi.

2. K.Raxmanov talantlı shayır bolıw menen birge talantlı dramaturg te boldı. 50-jıllardın` aqırında a`debiyatqa shayır sıpatında kirip kelgen ol aradan on bes jıl o`tkennen son` 70-jıllardın` ortalarında na`zik yumorlı o`tkir dramalıq syujetler tan`lay biletug`ın drama sheberi sıpatında da ta`n alındı. Onın` 70-jıllardın` ortalarında do`regen «Kelin», «O du`n`yag`a mirat» p`esaları ha` degennnen teatr tamashago`ylerinin` dıqqatın o`zine qaratıp dramaturgler qatarı ja`ne bul talantlı dramaturg penen bayıp-tolısqanlıg`ın ko`rsetti. Onın` dramaları tematikalıq, janrlıq jaqtan da ra`n`beren` bolıp kelip , ideyalıq-ko`rkemlik da`rejesinin` joqarılıg`ı menen ajıralıp turadı. Ma`selen, «Jaralı ju`rekler», «Eglen ba`ha`r» p`esalarında urıs da`wirinin` ashshı haqıyqatlıg`ı, frontta qaharmanlarsha sawashlar alıp barg`an jawıngerlerdin` ma`rtligi menen tılda jen`istin` tezleniwi ushın ku`n-tu`n demey miynet etken awıl adamlarının`, a`sirese, jas-o`spirimler menen balalardın`, qartayg`an g`arrı ata-analardın`, qız-kelinlerdin` za`berdesligi, tuwılg`an jer, watang`a pida`kerligi so`z etilse, «Kelin», «Injıqtın` muxabbatı» bu`gingi awıl turmısı, awıl adamlarının` turmıs ta`rizi, psixologiyası, sonın` ishinde jaslardın` muxabbatı, sem`ya-turmıs ma`seleleri ken` tu`rde sa`wlelendiriledi. Ol «Kelin», «O du`n`yag`a mira`t», «Tog`ız ton`qıldaq,bir shin`kildek», «Laqqılar emlewxanada»,

«Injıqtın` muxabbatı» dramalıq shıg`armalarının` mısalında a`jayıp komediya, tragik-komediyalardın` u`lgisin bergen bolsa, «Eglengen ba`ha`r», «Jaralı ju`rekler» shıg`armaları arqalı saxnadan tu`speytug`ın o`tkir syujetli muzıkalı dramalar jarattı.

3. Ulıwma, K.Raxmanov usı jollardı, yag`nıy shayırlıq, dramaturglik etaptı basıp o`tiw arqalı 70-jıllardın` ekinshi yarımında jazıwshı sıpatında prozag`a aralastı. Bunın` sebebi shayır K.Raxmanov oylag`an ideyalar, onın` ko`rkem qıyalında qaynap pisken turmıstın` qıyın-qıyqash quramalı, ken` qamtımlı waqıyaları tek poeziyalıq formag`a sıymaytug`ın edi. Sol ushın da ol dramalıq, prozalıq formalarda qa`lem terbetiwge ma`jbu`r boldı. Mine, usı sebepler, shayır K.Raxmanovtı, dramaturg K.Raxmanovqa, dramaturg K.Raxmanovtı prozaik K.Raxmanovqa o`stirip, rawajlandırıp otırdı. Biraq ol bul formalalardın` hesh qaysısın waqıtsha dep tan`lamadı, bulardın` ha`r qaysısı da o`z do`retiwshiliginin` tutas bir tarawına aylandı. Sol ushın da ol o`mirinin` aqırına shekem bul formalardın` ha`mmesine de sadıq bolıp qaldı, sonın` ushında da ol usı u`sh janrdın` sheberi bolıp  XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatında bekkem orın iyeledi.

Jumısımızdın` ekinshi babında K.Raxmanovtın` prozasına, onın` ideyalıq-tematikalıq bag`darları menen janrlıq, ko`rkemlik o`zgesheliklerine arnawlı tu`rde toqtap o`tip to`mendegidey juwmaqlarg`a kelemiz:

1. K.Raxmanov XX a`sirdin` 70-80-jılları o`zinin` «No`ser», «O`mir ha`m o`lim» povest`leri menen usı da`wir pprozasının` povestshiligine salmaqlı u`les qosqan bolsa, XX a`sirdin` 90-jılları ha`m XXI a`sirdin` baslarında «Aqıbet», «Tun`g`ısh muxabbat» romanları menen ken` epikalıq polotnalar do`rete alatug`ın sheber romanshı sıpatında da tanıldı.

«No`ser» atlı povestinde sa`tsiz muxabbat haqqında so`z boladı. Ayjannın` qayg`ılı o`miri su`wretleniledi.Atajan o`zi su`ygen qızına ja`rdem bere almaydı.

«Ayralıq qosıg`ı» povest`inde Altınay, Da`wirxan, Qurbaniyaz obrazları arqalı insandag`ı a`jayıp sezim – sap muxabbat ulıg`lanadı.

«O`mir ha`m o`lim» povestinde tiykarg`ı waqıya Tillaxannın` o`miri menen baylanıslı. Povest`te avtordın` berejaq ideyası anıq emes. O`limshilik, qayg`ılı waqıyalar

basımıraq bolıp keledi ha`m turmısqa onsha jaqın emestey bolıp ko`rinedi. Tillaxang`a ushırasqan a`kesi Toxtar da, onın` balası Tilewbay da birden o`lip qaladı.

«Aqıbet» romanının` syujeti quramalı. Turmısta ushırasatug`ın sawda xızmetkerlerinin` o`mirinen alıng`an. Taspolat, Ulperi, Nurpolat, Sherniyazlardın` tragediyalıq o`miri su`wretleniledi. Adamzatqa jat qın`ır islerdin` aqıbetleri ashıp berilgen.

2. K.Raxmanovtın` «Tun`g`ısh muxabbat» romanı g`a`rezsizlik jıllarındag`ı, anıg`ı XXI a`sirdin` basındag`ı, qaraqalpaq romanshılıg`ının` u`lken tabıslarınan esaplanadı. Bul roman, atamasınan ko`rinip turg`anday, ma`n`gilik muxabbat temasına arnalıp, ko`rkemlik o`zgesheligi boyınsha bul temadag`ı ko`pshilik prozalıq shıg`armalardan biraz parıq etip turadı. Bunda jaslardın` jas-o`spirimlik da`wirdegi sa`tsiz muxabbat tragediyası ashıp berilgen ha`m muxabbattı, o`mirdi qa`dirlewge u`lken shaqırıq taslang`an.

Bul ideya turmısqa jen`il qarag`an, turmıs sınawlarınan kewli soqırlıq etip shıdam bere almag`an Aytmurat, kewli aq qag`azday appaq jas o`spirim Shamurat, Aytmurattın` sebebinen sap muxabbatın gu`ldey soldırıp, hijran azabında qalg`an Nazlıbiyke obrazları arqalı ko`rkem etip sa`wlelendirilip berilgen. Romanda Palwaniyaz bay, onın` jesiri A`ziyra kempir, İbrayım, Biymurat g`arrı obrazları arqalı bolsa urısqa deyingi, urıs ha`m onnan keyingi jıllardag`ı da`wir haqıyqatlıg`ı real ashılıw tapqan jazıwshının` sheberligi sonda, ol muxabbat temasın, mine, usı da`wir haqıyqatlıg`ı menen ju`yi bilinbestey etip jupkerlestirip bere alg`an.

Ulıwma, K.Raxmanovtın` bul prozalıq shıg`armaları onın` qaraqalpaq prozasına o`z o`zgesheligi menen kelip kirgen o`zinshe jazıw stili bar jazıwshı ekenligin an`latadı. Jazıwshının` prozag`a poeziya ha`m dramaturgiya mektebinen kirip kelgenliginen bolsa kerek, onın` prozasında, birinshiden, qosıqtay bolıp oqılatug`ın jıllı lirizm, poeziyalıq ırg`aq, usınnan kelip shıg`atug`ın ku`shli oy tolg`anısları, yag`nıy liriko-psixologiyalıq sıpat ko`zge taslansa, ekinshiden, syujet, kompozitsiya qurıwdag`ı jıynaqlılıq, dramalıq situatsiyalar, qaharmanlar xarakterin jaratıwda, konflikt du`ziwde o`tkir dramatizm teren`

an`lasıladı. Mine, bulardın` ba`ri K.Raxmanov prozasının` tiykarg`ı o`zgeshelikleri bolıp tabıladı.

Juwmaqlap aytqanda, K.Raxmanov joqarıda biz tallaw jasap o`tken prozalıq shıg`armaları menen qaraqalpaq prozasına salmaqlı u`les qosqan jazıwshılardın` biri bolıp qaldı.

## PAYDALANILGAN A`DEBİYATLAR:

### I. Metodologiyalıq-siyasiy a`debiyatlar

1. Karimov İ. Joqarı ma`na`wiyat – jen`ilmes ku`sh.-Tashkent: Ma`naviyat, 2008.
2. Karimov İ. Adabietga e`tibor – ma`naviyatga, kelajakga e`tibor.-Toshkent: 2009.
3. Karimov İ. Uzbekiston mustaqillikga erishish ostonasida.-Toshkent: Uzbekiston, 2011.

### II. İlimiy-teoriyalıq, a`debiy-ko`rkem a`debiyatlar
### (Monografiyalar, maqalalar, ko`rkem shıg`armalar)

1. Allanazarov T. Teatr ha`m dramaturgiya.-No`kis: Qaraqalpaqstan, 1979.
2. Allanazarov T. Qaraqalpaq dramaturgiyasının` ma`seleleri.-No`kis: Qaraqalpaqstan, 1987.
3. Allambergenov K. Ha`zirgi povestlerde muxabbat temasının` sa`wleleniwi.// «A`miwda`r`ya», 11-san. 1979.
4. Allambergenov K. XX a`sirdin` 60-80-jıllarındag`ı qaraqalpaq a`debiyatı.-No`kis: NMPİ kishi tipografiyası, 2003.
5. Allambergenov K. Ha`zirgi a`debiy jo`nelis.-No`kis: NMPİ kishi tipografiyası, 2004.
6. Allambergenov K. "a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq a`debiyatı.-No`kis: NMPİ kishi tipografiyası, 2005.
7. Allambergenov K. XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı.-No`kis: NMPİ kishi tipografiyası, 2005.
8. Axmetov S, Kamalov Q, Alımov A`, A`bdireymov J. Qaraqalpaq a`debiyatı (XI klass ushın sabaqlıq. No`kis:-Qaraqalpaqstan, 2004.

9. Dabılov P. Poeziyada qarharman ma`selesi.//Qaraqalpaqstan mug`allimi, 3-4-san-2002.
10. Kamalov Q. Qaraqalpaq povesti.-No`kis.Qaraqalpaqstan, 1978.
11. Nurjanov P. “a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq prozası.-No`kis: Bilim, 2003.
12. Nurjanov P. Ha`zirgi qaraqalpaq romanı poetikası.-No`kis: Bilim, 2008.
13. Nurjanov P. Ha`zirgi qaraqalpaq romanı (syujet ha`m konflikt poetikası).-No`kis: Bilim, 2009.
14. Paxratdinov A`., Allambergenov K., Bekbergenova M. XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı tariyxı. Bakalavr jo`nelisi ushın sabaqlıq.-No`kis: Qaraqalpaqstan, 2011.
15. Raxmanov K. Aqıbet. Roman ha`m povest`ler.-No`kis: Qaraqalpaqstan, 1993.
16. Raxmanov K. Tun`g`ısh muhabbat. Roman. // «A`miwda`r`ya», 2004, N1,2,3,4.

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV b kurs talabası İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

## PİKİR

Pitkeriwshi İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı qaraqalpaq a`debiyat tanıw iliminin` og`ada bir a`hmiyetli ma`selesine bag`ıshlang`an. Onda K.Raxmanov prozasının` janrlıq, formalıq, ko`rkemlik o`zgeshelikleri ma`selesi baslı dıqqatta turadı.

K.Raxmanov prozasındag`ı bul ma`sele bizin` a`debiyatshı ilimpazlarımız ha`m a`debiyat sınshıları ta`repinen ma`lim da`rejede izertleniw taptı. Atap aytsaq, son`g`ı jıllardag`ı proza izertlewshileri ha`m metodist alımlar bolg`an K.Allambergenov, P.Nurjanov usag`an ilimpazlar K.Raxmanovtın` povest`, romanları haqqında, ondag`ı ko`rkemlik izlenisler ma`selesi boyınsha ayırım pikirler bildirip ketti.

Biraq, bul pikirler arnawlı izertlewler emes edi. K.Raxmanov do`retiwshiliginin` anaw yaki mınaw ma`selesine baylansılı aytılg`an jekke-jarım pikirler boldı. Sonlıqtan pitkeriwshi İl`yasova İl`vira pitkeriw-qa`nigelik jumısında bul ma`selege arnawlı tu`rde toqtap o`tken.

Jumıs Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı u`lken eki baptan ibarat:

Jumıstın` «Ken`esbay Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: jazıwshılıq jolı evolyutsiyası» dep atalatug`ın birinshi babında K.Raxmanovtın` ko`rkem prozag`a kirip keliwinde onın` o`mir biografiyasının`, poeziyalıq-dramalıq shıg`armalarının` tutqan ornı ma`seleleri qarastırıladı.

Ekinshi bap «Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq ko`rkemlik o`zgeshelikleri» dep atalınıp, onda K.Raxmanovtın` povest`, romanları ken` tu`rde ilimiy tallawg`a alınadı ha`m to`mendegidey juwmaqlar jasalınadı:

K.Raxmanovtın` bul prozalıq shıg`armaları onın` qaraqalpaq prozasına o`z o`zgesheligi menen kelip kirgen o`zinshe jazıw stili bar jazıwshı ekenligin an`latadı. Jazıwshının` prozag`a poeziya ha`m dramaturgiya mektebinen kirip kelgenliginen bolsa kerek, onın` prozasında, birinshiden, qosıqtay bolıp oqılatug`ın jıllı lirizm, poeziyalıq ırg`aq, usınnan kelip shıg`atug`ın ku`shli oy tolg`anısları, yag`nıy liriko-psixologiyalıq sıpat ko`zge taslansa, ekinshiden, syujet, kompozitsiya qurıwdag`ı jıynaqlılıq, dramalıq situatsiyalar, qaharmanlar xarakterin jaratıwda, konflikt du`ziwde o`tkir dramatizm teren` an`lasıladı. Mine, bulardın` ba`ri K.Raxmanov prozasının` tiykarg`ı o`zgeshelikleri bolıp tabıladı.

Ulıwma, pitkeriwshi İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısı MAKnın` pitkeriw qa`nigelik jumısı aldına qoyg`an talaplarg`a tolıq juwap beredi. Jumıs mazmunlı, sawatlı jazılg`an. Talabanın` ilimge bolg`an qızıg`ıwshılıg`ı, umtılısları sezilip turadı. Sonlıqtan onı jaqsı jazılg`an jumıs sıpatında bahalay otırıp, jaqlawg`a jiberiwge ılayıq, dep usınıs etse boladı.

İlimiy basshı: K.Allambergenov, filologiya ilimlerinin` doktorı, professor, QR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV b kurs talabası İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

**PİKİR**

Pitkeriwshi İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısında Qaraqalpaqstan xalıq jazıwshısı, KR Berdaq atındag`ı ma`mleketlik sıylıqtın` laureatı Ken`esbay Raxmanovtın` jazıwshılıq do`retiwshiligi ken` talqıg`a alınadı. Temanın` aktuallıg`ı sonda – jumısta K.Raxmanov do`retiwshiliginin` izertlenilmey atırg`an ta`repleri – onın` prozasının` janrlıq, ko`rkemlik o`zgeshelikleri ma`selesine dıqqat awdarıladı.

Jumıs Kiris, Juwmaq, Paydalanılg`an a`debiyatlar bo`limlerinen tısqarı to`mendegidey u`lken eki bapqa bo`lip u`yrenilgen:

1. Ken`esbay Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: jazıwshılıq jolı evolyutsiyası
2. Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq ko`rkemlik o`zgeshelikleri

Birinshi bapta K.Raxmanovtın` ulıwmalıq do`retiwshiligine, onın` jazıwshılıqqa kelip kiriw jolının` bir deregi, jazıwshılıq ustaxanasın, sheberligin, ta`jriybesin arttırıw o`zegi sıpatında ulıwmalıq sıpatlama berilse, ekinshi bapta K.Ma`mbetov prozası janrlıq jaqtan jiklenip, povest`, romanları ken` tu`rde ko`rkem-estetikalıq tallaw ob`ekti boladı.

Biraq, K.Raxmanov prozası ha`zirge shekem bul bag`darda ken` ha`m arnawlı izertleniw tappadı. Durıs, ayırım a`debiyatshılardın` maqalaları menen izertlewlerinde onın` prozası haqqında azın-awlaq pikirler bildirildi. Degen menen, bul pikirler onın` prozasının` janrlıq, ko`rkemlik o`zgeshelikleri haqqında emes edi. Bul bag`darda bul pitkeriw qa`nigelik jumısı K.Raxmanovtın` prozasının` janrlıq, ko`rkemlik o`zgesheligi haqqındag`ı arnawlı izertlew bolıp tabıladı.

Pitkeriwshi İ.İl`yasovanın` izertlew barısındag`ı juwmaqları ilimiy jan`alıg`ı boyınsha da dıqqatqa ılayıq. Haqıyqatında da, K.Raxmanovtın` bul prozalıq shıg`armaları onın` qaraqalpaq prozasına o`z o`zgesheligi menen kelip kirgen o`zinshe jazıw stili bar jazıwshı ekenligin an`latadı. Jazıwshının` prozag`a poeziya ha`m dramaturgiya mektebinen kirip kelgenliginen bolsa kerek, onın` prozasında, birinshiden, qosıqtay bolıp oqılatug`ın jıllı lirizm, poeziyalıq ırg`aq, usınnan kelip shıg`atug`ın ku`shli oy tolg`anısları, yag`nıy liriko-psixologiyalıq sıpat ko`zge taslansa, ekinshiden, syujet, kompozitsiya qurıwdag`ı jıynaqlılıq, dramalıq situatsiyalar, qaharmanlar xarakterin jaratıwda, konflikt du`ziwde o`tkir dramatizm teren` an`lasıladı. Mine, bulardın` ba`ri K.Raxmanov prozasının` tiykarg`ı o`zgeshelikleri bolıp tabıladı.

Ulıwma, pitkeriwshi İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı bul pitkeriw jumısı ilimiy-teoriyalıq jaqtan mazmunlı jazılg`an, MAK talaplarına tolıq juwap beredi. Jumıs joqarı bahalawg`a ılayıq.

K.Qurambaev, filologiya ilimlerinin` doktorı, NMPİnin` o`zbek filologiyası kafedrasının` professorı, Qaraqalpaqstang`a miyneti sin`gen ilim g`ayratkeri.

A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`tetinin` IV b kurs talabası İl`yasova İl`viranın` «K.Raxmanov prozasının` o`zgesheligi» atamasındag`ı pitkeriw qa`nigelik jumısına

**PİKİR**

K.Raxmanov XX a`sirdin` 70-jıllarında o`zinin` «Ayralıq» qosıg`ı liro-epikalıq povesti menen qaraqalpaq prozasına kirip kelgen talantlı jazıwshılardın` biri boldı.

Haqıyqatında da, K.Raxmanov shayır, dramaturg sıpatında tez abıray-dan`qqa eriskenindey, ol proza tarawında da tabıslı qa`lem sınawlar jasadı. Onın` bul umtılısları tek g`ana qa`lem sınawlar bolıp qalmastan, haqıyqıy prozaik bolıw mu`mkinshiligin de da`liylledi. Na`tiyjede onın` qa`leminen qaraqalpaq prozasına salmaqlı u`les bolıp qosılg`an «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı», «O`mir ha`m o`lim» sıyaqlı lirikalıq povest`ler menen bir qatarda «Aqıbet», «Tun`g`ısh muxabbat», «Saqal» atlı dramatizmge tolı ko`rkemlik jaqtan qunlı romanlar do`redi.

Biraq, pitkeriwshi İ.İl`yasova o`zinin` «Ken`esbay Raxmanovtın` prozasının` o`zgesheligi» dep atalatug`ın bul pitkeriw-qa`nigelik jumısında onın` do`retiwshiligin tutası menen alıp qaraw niyetinen awlaq bolg`an. Arnawlı tu`rde bir ma`selege – ol da bolsa K.Raxmanovtın` prozasının` janrlıq-ko`rkemlik o`zgesheligi ma`selesine toqtap o`tken. Sebebi, K.Raxmanov prozag`a 70-jıllardın` ekinshi yarımında kirip keliwine baylanıslı onın` prozası jetkilikli da`rejede izertlew tappadı. 70-jıllardın` aqırında «No`ser», «Ayralıq qosıg`ı» povest`leri haqqında a`debiyatshı K.Allambergenovtın` sol da`wirdegi povest`lerdegi muxabbat temasının` sa`wleleniwine baylanıslı sın pikirleri menen XIX a`sirdin` aqırı XX a`sirdin` basında jarıq ko`rgen sabaqlıqlardag`ı K.Raxmanovtın` a`debiy portretlerinde obzorlıq sholıw pikirleri boldı.

Ulıwma, bul pitkeriw qa`nigelik jumısı, K.Raxmanov prozası boyınsha da`slepki arnawlı izertlew jumısı bolatug`ının so`zsiz. Sonlıqtan da pitkeriwshi bul pitkeriw-qa`nigelik jumısında onın` prozasının` janrlıq-ko`rkemlik o`zgesheligi ma`selelerine

arnawlı tu`rde toqtap o`tken. Jumıstın` «Ken`esbay Raxmanov do`retiwshiliginin` ulıwmalıq sıpatlaması: jazıwshılıq jolı evolyutsiyası» dep atalatug`ın birinshi babında K.Raxmanovtın` ko`rkem prozag`a kirip keliwinde onın` o`mir biografiyasının`, poeziyalıq-dramalıq shıg`armalarının` tutqan ornı ma`seleleri qarastırıladı.

Ekinshi bap «Ken`esbay Raxmanov prozasının` ideyalıq-tematikalıq bag`darları, janrlıq ko`rkemlik o`zgeshelikleri» dep atalınıp, onda K.Raxmanovtın` povest`, romanları ken` tu`rde ilimiy tallawg`a alınadı ha`m to`mendegidey juwmaqlar jasalınadı.

Ulıwma pitkeriw jumısı MAK talaplarına tolıq juwap beredi, mazmunlı jazılg`an. Sonlıqtan onı pitken jumıs sıpatında joqarı bahalasa arzıydı.

Hu`rziya Jaqsımova, Tashkent informatsiyalıq texnologiyalar No`kis filialı gumanitar ha`m sotsial-ekonomikalıq pa`nler kafderrası ag`a oqıtıwshısı, filologiya ilimlerinin` kanedidatı